ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№29 (24.155) ● 2021 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 16, гъубж ● Тхъэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.su

КЪБР-м и Іэтащхьэр хэтащ къэхъукъащІэ къыІэрымыкІуэхэм защыхъумэным теухуауэ Чайкэ Юрий иригъэкІуэкІа зэІущІэм

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Чайкэ Юрий гъатхэпэм и 12-м иригъэкІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хьыхь щІыналъэхэр щІыуэпс къэхъукъащІэ къыІэрымыкІуэхэм, мафІэсхэм ящыхъумэным хуэгъэзауэ 2021 гъэм эфІагъэкІын хуейхэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ Урысей Федерацэм граждан зыхъумэжныгъэмкІэ, къыІэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъукъащІэ шынагъуэхэм я Іэужьхэр гъэкІуэдыжьныжьмкІэ и министрым и къуэдзэ Яцуценко Виктор, округым щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, Къухьэпіэ-Каспий псыгуэным хьыхь псыхэм кІэльыпльынымкІэ Федеральнэ агентствэм и управленэм, Илщэ федеральнэ округым мэз хозяйствэмкІэ и департаментым, ЩІыуэпс, технологие, атом кІэльыпльынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм Кавказым щиІэ управленэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэм кърихьэлІахэм защыхуигъаззэм, Чайкэ Юрий къыхигъэщащ Урысей Федерацэм хьыхь щІыналъэхэм щыпсэухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр къэрал властым и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къызэрыпэжжыр.

Дыдэрыт ильэсым и мазаем Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэкІэ и Советым иригъэкІуэкІа зэІущІэм щыхэплъауэ щытащ псыежэххэр уэр хъужу абыхэм ятІэпс къыщрахьэхкІэ къэхъу щытыкІэ къызэрымыкІуэм пэщІэтыным, мафІэсхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ ираГъэкІуэкІ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа Іуэхуэхэм. Абы зыщытепсэлъыхьахэм ятеуху унафэ пыухыкІахэр къащтат, щІыуэпс къэхъукъащІэ къызэрымыкІуэхэм къащэ хэщІыныгъэхэр гъэмэщІэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр щыубзыхуауэ. Президентым и полномочнэ лІыкІуэм зэхиша иджырей зэхуэсыр зыхуэгъэзар блэкІа ильэсым а унэтІныныгъэм щызэфІагъэкІахэм хэпльэхьныр щ, дызэрыт ильэсым нэхъ зэгугъупхъэхэр убзыхунырщ.

«Къыхэгъэщыпхъэщ округым хьыхь щІыналъэхэм ящыщ зыбжанэм я мэзхэм мафІэсу къыщыщыхьуэм 2020 гъэм зэрыкъуар. 2019 гъэм ельытауэ ар процент 27-кІэ нэхъыбэщ - мафІэс 37-рэ ятхащ, абыхэм гектар 500 хуэдиз ябыдащ. Мэзхэм мафІэс къыщамыгъэхъун яхуэзфІэкІащ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм, Шэшэн Республикэм, Ставрополь крайм. Я мэзхэм мафІэс нэхъыбэ къыщыхъуащ Дагъыстэн Республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэмрэ.

Абы щыдэкІуэу, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэнхэм ящыщу къохэж ятІэпсхэм защыхъумэнри. Псыежэхэр уэр хъужьи щІадзэ мазаем, ауэ ахэр нэпкъым къыщыкъдэхуэхьу щыхуежьэр накъыгъэ - мэкъуауэгъэ мазэхэрщ, уэсыр ткІужми, уэлбанэшхуэхэр къэхъуми къадэкІуэу. Псыхэр къыщиукІэ, абыхэм щІыгулъым щыщ къыщыздрахьажьэкІэ, хэщІныгъэшхэр къыщиукъ щыІэщ.

Къэпщтэмэ, Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм нобэм къэс и нэІэ тетщ 2016 гъэм и мэкъуаугъэршэ Шэшэн Республикэм къыщыхъуа щІыуэпс гуэзвэгъуэм, 2017 гъэм и накъыгъэм Ставрополь щІыналъэм псыдзэ къызэрыщІэуам, 2017 гъэм и шыщхьэуІум Къэбэрдей-Балъкъэрым ятІэпс уэр къызэрыщІехам къадэкІуахэр гъэзэкІуэжьныем ехьэлІа Іуэхуэхэр.

КъызэрымыкІуэ щытыкІэхэм защыхъумэным, абыхэм къапкрыкІ шынагъуэхэр гъэмэщІэным хуэгъэзауэ ираГъэкІуэкІ Іуэхуэхэм я фІыгъэкІэ иужьрей ильэсхэм яхуэзфІэкІащ псыдзэхэм я зэранкІэ щІыху псэдзыгъэ къамыгъэхъуну икІи мылъкукІи хэщІныгъэшхуэ дыдзэкр ямыгъуэтыну», - къыхигъэщащ Чайкэ Юрий.

ЗэІущІэм къызэрыщыхэгъэбеджьылыкІамкІэ, псыдзэр и лъагъуэмкІэ хуиту къэхъу абы гуэзвэгъуэ кІимыкІыным зэран хуэхъуэхэм ящыщщ гидротехникэ ухуэныгъэ бжыгъэншэхэр псы кІуэпІэм зэрыстетар, абыхэм ящыщ куэдыр жьы дыдэ хъуарэ къэзэнкІэ шынагъуэу.

Къэбгъэльагъуэмэ, округым и щІыналъэм зыми имей гидротехникэ ухуэныгъэ 1227-рэ щыІэщ, абыхэм я процент 97-р (ухуэныгъэ 1188-р) Ставрополь щІыналъэм хеубыдэ. А ухуэныгъэхэм къэхъукъащІэ къызэрымыкІуэ къыщыхъумэ, щыхъ хэкІуэдэнкІэ е фэбжь хахьнкІэ зыхуэІуа щыІэкъым, дыкъэзыухъурейхь дуней а Іуэхур зэрегуэзунымрэ мылъкукІэ хэщІныгъэ къызэрихьынымрэ я гугъу умыщІми.

«Цыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщныпмкІэ щыІэ Іэмалхэм ящыщщ дуней щытыкІэм кІэльыпльхуэ къызэрыпым узыгъэгузэвэнкІэ хъуну зэхъуэкІыныгъэхэр къыщыхъунымкІэ хуэхэм зэрыпэплъэр жаІа нэужь, жылагъуэм абы теуху хъыбар и чэзум егъэщІэныр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди округым хьыхь щІыналъэ псоми абы хуэунэтІа лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу къыщызэгъэпэщауэ щыткъым. МЧС-м и щІыналъэ къудамэхэм ираГъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэльэгъуамкІэ, цІыхухэм хъыбар яІэрыгъэхьэныр «нэсу хуэхьэзырхьым» мардэрэд зыхуэкІуэр. А щытыкІэр я нэІэ щІагъэувапхъэщ властым и органу а лэжьыгъэр зи пщэ дэлъ псомии», - и Іуэху ельытыкІэ кьигъэльэгъуащ полномочнэ лІыкІуэм.

Абы зэрыжиІамкІэ, щІыуэпс къэхъукъащІэ къызэрымыкІуэхэр нэхъ мащІэ хъуным ущыгугъуеу ущыс хъунукъым икІи сыт и лъэныкъуэкІи апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэм хуэхьэзыру щытын папщІэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр зэфІэгъэкІын хуейщ, гуэзвэгъуэм зыщцхъумэным хуэгъэзауэ, къэхъукъащІэ шынагъуэхэм я Іэужьхэр гъэкІуэдыжьнымкІэ и министрым и къуэдзэ Яцуценко Виктор.

Зытепсэльыхь Іуэхум и лъэныкъуэкІэ щІыпІэхэм щыІэ щытыкІэхэм я гугъу ящІащ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэмрэ къэрал властым и федеральнэ округым я къудамэхэм я унафэщІхэмрэ.

«Псом я дежкІи нэрылъагъущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыщ щІыналъэхэм лэжьыгъэшхуэ къаззыпэщылъыр. Абы къыхэкІыу а щІыпІэхэм я Іэтащхьэхэм лэжьыгъэшхуэ ираГъэкІуэкІи хуейщ, я щІыхуэр щІыуэпс къэхъукъащІэ шынагъуэхэм щахъумэным хуэгъэза къалэнхэм екъулІэн щхьэкІэ, МафІэсым пэщІэтыным теухуа хабзэм къигъэувэхэм ткІийуэ тетыным кІэлъыплъыпхъэщ, къызэрымыкІуэ щытыкІэ къыкъуэкІ хуэжьыкъуэмэ, абы и лъэужьхэр гъэзэкІуэжьным трагъэкІуэдэну мылъкури гъэтІылъауэ яІэн хуейщ, къимыдзкІэ, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм ягъэзащІапхъэщ щІыхуэм хъыбар егъэщІэным хуэгъэпса Іэмэпсымэхэр зэблэу къэмыхъуу лэжьэным теухуа Іуэхуэр, гидротехникэ ухуэныгъэхэри тэмэму зэтегъэпсыхьыным ар зи къалэн Іуэхуэ щІапхъэхэм я нэІэ тригъэтпхъэщ», - жиІащ Чайкэ Юрий зэІущІэр щызэхуищІыжьым.

ЗэІущІэм зыщцтепсэльыхьахэм ябгъ икІи пщэрыльэ хэхахэр хуащІащ ІэмэтІэхэм икІи ахэр зэрагъэзащІэм ткІийуэ кІэльыплъынущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

КІуэкІуэ Казбек цІыхухэм яІуощІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек гъатхэпэм и 13-м яхуэзащ я щхьэ ІуэхукІэ къыхуэкІуахэм.

КІУЭКІУЭ Казбек зыкъыхуагъэзащ Іэтащ Іэм зыщыІууа гугъуехьхэм къикІын папщІэ дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэ цІыху зыбжанэм. Нэхъыбэр щІэльэІурт технологие лъагэхэр къагъэсэбэпурэ цІыхухэм я узынщагъэр зэрызэфІагъэувэж, сымэджа цІыхур лъэ быдзкІэ увыжьи, и къарур игъуэтыжьин папщІэ хуэщІапхъэхэр къызэрытетыр, абыхэм ящыщ куэдыр жьы дыдэ хъуарэ къэзэнкІэ шынагъуэу.

Къэбгъэльагъуэмэ, округым и щІыналъэм зыми имей гидротехникэ ухуэныгъэ 1227-рэ щыІэщ, абыхэм я процент 97-р (ухуэныгъэ 1188-р) Ставрополь щІыналъэм хеубыдэ. А ухуэныгъэхэм къэхъукъащІэ къызэрымыкІуэ къыщыхъумэ, цІыху хэкІуэдэнкІэ е фэбжь хахьнкІэ зыхуэІуа щыІэкъым, дыкъэзыухъурейхь дуней а Іуэхур зэрегуэзунымрэ мылъкукІэ хэщІныгъэ къызэрихьынымрэ я гугъу умыщІми.

«Цыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщныпмкІэ щыІэ Іэмалхэм ящыщщ дуней щытыкІэм кІэльыплъхуэ къызэрымыкІуэ узыгъэгузэвэнкІэ хъуну зэхъуэкІыныгъэхэр къыщыхъунымкІэ хуэхэм зэрыпэплъэр жаІа нэужь, жылагъуэм абы теуху хъыбар и чэзум егъэщІэныр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди округым хьыхь щІыналъэ псоми абы хуэунэтІа лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу къыщызэгъэпэщауэ щыткъым. МЧС-м и щІыналъэ къудамэхэм ираГъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэльэгъуамкІэ, цІыхухэм хъыбар яІэрыгъэхьэныр «нэсу хуэхьэзырхьым» мардэрэд зыхуэкІуэр. А щытыкІэр я нэІэ щІагъэувапхъэщ властым и органу а лэжьыгъэр зи пщэ дэлъ псоми», - и Іуэху ельытыкІэ къигъэльэгъуащ полномочнэ лІыкІуэм.

Абы зэрыжиІамкІэ, щІыуэпс къэхъукъащІэ къызэрымыкІуэхэр нэхъ мащІэ хъуным ущыгугъуеу ущыс хъунукъым икІи сыт и лъэныкъуэкІи апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэм хуэхьэзыру щытын папщІэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр зэфІэгъэкІын хуейщ, гуэзвэгъуэм зыщцхъумэным хуэгъэзауэ, къэхъукъащІэ шынагъуэхэм я Іэужьхэр гъэкІуэдыжьнымкІэ и министрым и къуэдзэ Яцуценко Виктор.

«Псом я дежкІи нэрылъагъущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыщ щІыналъэхэм лэжьыгъэшхуэ къаззыпэщылъыр. Абы къыхэкІыу а щІыпІэхэм я Іэтащхьэхэм лэжьыгъэшхуэ ираГъэкІуэкІи хуейщ, я щІыхуэр щІыуэпс къэхъукъащІэ шынагъуэхэм щахъумэным хуэгъэза къалэнхэм екъулІэн щхьэкІэ, МафІэсым пэщІэтыным теухуа хабзэм къигъэувэхэм ткІийуэ тетыным кІэлъыплъыпхъэщ, къызэрымыкІуэ щытыкІэ къыкъуэкІ хуэжьыкъуэмэ, абы и лъэужьхэр гъэзэкІуэжьным трагъэкІуэдэну мылъкури гъэтІылъауэ яІэн хуейщ, къимыдзкІэ, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм ягъэзащІапхъэщ щІыхуэм хъыбар егъэщІэным хуэгъэпса Іэмэпсымэхэр зэблэу къэмыхъуу лэжьэным теухуа Іуэхуэр, гидротехникэ ухуэныгъэхэри тэмэму зэтегъэпсыхьыным ар зи къалэн Іуэхуэ щІапхъэхэм я нэІэ тригъэтпхъэщ», - жиІащ Чайкэ Юрий зэІущІэр щызэхуищІыжьым.

ЗэІущІэм зыщцтепсэльыхьахэм ябгъ икІи пщэрыльэ хэхахэр хуащІащ ІэмэтІэхэм икІи ахэр зэрагъэзащІэм ткІийуэ кІэльыплъынущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

КІуэкІуэ Казбек щІэрылъ ящищІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэрагъэпэщыж ухуажь школхэм екІуалІэ гъуэгухэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэм щІыналъэхэр къыщызэхикІуахьым гу зылъыта къыхуасанытьэхэр ягъэзэкІуэжьныр къалэну щахуигъэувауэ щытащ иригъэкІуэкІ «муниципальнэ сыхьэтхэм» ящыщ зым.

Ар зэрызащІэкІэрэ, кърыт еджапІибгъум хуэкІуэ гъэугухэр зэгъэпэщыжьныр хагъэхьащ «Шынагъуэншэ икІи фІагъ зиІэ автомобиль гъэзэгухэр» лъэпкъ проектым.

Нартан, Яныкъуей, Гундэлэн, Псыкуэд, Дзэлыкъуэдэс, Дженал, Куба къуажэхэм дэт курыт школхэм я Іэгъуэблагъэхэм щыІэ гъуэгухэр зыхуей хуагъэзэнущ. Къапщтэмэ, Гундэлэн гъуэгуитІ щызэрагъэпэщыжьнущ - 1-нэ, 3-нэ, 4-нэ курыт еджапІэхэм екІуалІэхэр.

Гъуэгу щхьэфэр «ядыжьм» и мызакъуэу, шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщ Іэмалхэми гупльэтэ хуащІынущ - лъэс зэпрыкІыпІэхэр ягъэбелджылынущ, светофорхэр фІадзэнущ, гъуэгу дамыгъэхэр, къэухьхэр ягъэувынущ. Светофор зыфІэмыльэ зэпрыкІыпІэхэм деж хуабжьагъ къозымыгъащтэ лъагапІэхэр гъуэгухэм тракъжьыхьынущ, школакІуэхэр, егъэджакІуэхэр, адэ-анэхэр шынагъуэншэу зекІуэн папщІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

ЕджапІэхэм екІуалІэ гъуэгухэр зэрагъэпэщыж

Кхъухьлъатэхэм я бжыгъэм хагъахъуэ

«Якутия» авиакомпанием нэхъыбэ ищІащ Налшыкрэ Москварэ яку дэту лажьэ кхъухьлъатэхэр.

ЗЫ ТХЬЭМАХУЭМ къриубыдэу рейсипІ ящынущ дяпэкІэ: блыщхьэм, махуэкум, мэрем, тхьэмахуэ махуэм Боинг 737-700, Боинг 737-800 кхъухьлъатэхэр лэжьынущ а гъуэгуанэм тету.

Рейс бжыгъэр нэхъыбэ зэращІам и фІыгъэкІэ ди цІыхухэр щыхуейм деж къалащхьэм тыншу лъэтэфынущ икІи къэкІуэжьынущ, билетхэри зэпэубыдауэ щытынукъым.

Налшыкрэ Москварэ яку дэлъ хьэуа гъуэгуанэм нэхъапэм ягъэува мардэм тету апхуэдэу щылажьэнущ «Победа», «Аэрофлот» авиакомпаниехэри.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2021 гъэм гъатхэпэм и 18-м зэхэтынущ.

Абы щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

● Іуэху щхьэпэ

Хэкур зыхъумахэм я фэеплъыр ягъэлъапІэ

«Фэеплъым и жыг хадзэр» дунейпсо акцэм зэрыхэтынум зыщцыхуагъэхьэзыр Къэбэрдей-Балъкъэрым.

1941 - 1945 гъэхэм щыІа Хэку зауэшхуэм хахуэу хэтахэр, къэралыр фашизмэм и бжьым щызыхъумахэр зэращцымыгупщэр, лІыхъужьхэм я фэеплъым пщІэ зэрыхуащІыр къагъэльэгъуэн мурадкІэ зэхаша Іуэху щхьэпэщ ар икІи Урысей Федерацэм и Президентым пщэрыльэ зэращцщам ипкъ иткІэ ирагъэкІуэкІ, Мэз хозяйствэмкІэ къэрал агентствэмрэ УФ-м Щ Іыуэпс хъуГъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэмрэ я щІэгъэкъуэну.

Акцэм и къызэгъэпэщакІуэр «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъеныгъэмрэ ТекІуэныгъэм и дзэзешэхэм я фэеплъ фондымрэщ.

КЪБР-м ЩІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм щІыналъэ администрацэхэр щІыгъуу яубыхунущ «Фэеплъым и жыг хадзэр» пэжыгъэм хьихьэу жыгыщІэхэр щыхасэну мэзхэр, къалэхэм, къуажэхэм абы хухахьну щІыпІэхэр.

Акцэр Налшык къалэм щрагъэжьэнущ - Таманскэ дивизэм и цІэр зезыхьэ ўэрамым иІэ «ТекІуэныгъэм и паркым» гъатхэпэм и 18-м сыхьэтипщым щІадзэнурэ жыгхэр щыхасэнущ. КъызэгъэпэщакІуэхэм кІейрэ блашэу жыг 300 хуагъэхьэзыращ зэрыхасэнум. Абы хэт хъунущ хуей псори.

2020 гъэм, ТекІуэныгъэ Иныр ильэс 75-рэ щрикъум, «Фэеплъым и жыг хадзэр» Іуэхум ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз фондым щыщ щы гектар 20-м щыхасауэ щытащ жыг 60.048-рэ - республикэм икІыу Хэку зауэшхуэм хэта дэтхэнэми я зырызу.

ДЖАТЭ Къантемыр.

Нобэрэ пщэдейрэ

Гъатхэпэм и 16, *гъубж*

♦Социальнэ лэжьыгъэм и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм Къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ и министерствэм экономикэ щыналъэншагъэмкІэ и ІэнатІэхэр къыщызэрагъэпэща махуэщ. СССР-м и НКВД-м хыхьэу 1937 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ.

♦Къэзахстаным и республикэ гвардием и махуэщ

♦1870 гъэм Урысейм щыяпэу Новгород Ищхъэрэ къалэм щыщ Сормовэ районым щаутІыпщащ гъущІ щагъавэ хьэку.

♦1895 гъэм Москва трамвай зрикІуэн япэ гъуэгур ухуэн щыщІадзащ.

♦1921 гъэм РСФСР-мрэ Тыркумрэ зэныбжьэгъуным, зэдзлэжьэным теухуа зэгурыІуэныгъэ зэращІыпІащ.

♦1936 гъэм Горький автозаводым япэ автомобиль псынщІэр - «М-1»-р - къыщІигъэкІащ.

♦1962 гъэм Хрущёв Никитэ хэІущІыІу ищІащ СССР-м километр 5500-кІэ пэжьжьэ щІыпІэми лъэІэсыфыну, ядернэ Іэщэ зэрыльэ ракетэ зэриІэр.

♦2014 гъэм Кърымым референдум щекІуэкІащ, хьІыгуныкъуэмрэ Севастополь къалэмрэ я унафэр ящыным теухуауэ. ХэхьэпІэхэм а махуэм екІуэлІащ а щІыналъэм щыпсэуэхэм я процент 80-р икІи абыхэм я процент 90-р щІыналъэр Урысей Федерацэм ей хъужьным и телъхьэу къыщІэкІащ.

♦США-м и еплІанэ президент, а къэралым и конституцэр зэхэзылъхьахэм ящыщ зы **Мэдисон Джеймс** къызэралъхурэ илъэс 270-рэ ирокъу.

♦Урыс физик, электротехник цІэрыІуэ, радиор къэзыгупсысахэм ящыщ **Попов Александр** къызэралъхурэ илъэси 162-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ-фантаст, «Голова профессора Доуэля», «Человек-амфибия», нэгъуэщІ роман цІэрыІуэхэр зи Іэдакъэщ Іэкі **Беляев Александр** къызэралъхурэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦Совет космонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и Лыхъужь **Комаров Владимир** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр цІэрыІуэ, режиссёр, тхакІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Юрский** (и адэм и унэцІэ дыдэр **Жихарев**щ) **Сергей** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КБР-м, КЪШР-м, АР-м, Дагъыстэным я цІыхубэ дохутыр, медициндэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Лий Адэлджэрий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градуси 2 - 3 щыхьэнущ.

Гъатхэпэм и 17, *бзаджэй*

♦Адыгэ Республикэм и парламентаризмэм и махуэщ

♦1770 гъэм Ингушетиер Урысей къэралгъуэм ихьащ.

♦1805 гъэм Дельпоущо Иван Къэбэрдейм пристав нэхъыщхьэу къагъэкІуащ.

♦1845 гъэм инджылыз Перри Стивен хьэфэтегъэкІ къызэригупсысам, ар зэрищІам щыхьэт техъуэ тхьилІ ираташ.

♦1861 гъэм Италием пащтыхьыгъэ къыщыунэхуащ - абы и ипщэ, ищхъэрэ щІыналъэхэр зы къэралгъуэу зэгуэкащ.

♦1918 гъэм къызэІуахащ Тэрч щІыналъэм и лъэпкъхэм я II съездыр.

♦1922 гъэм Пушкин Александр и щІапІэу Михайловскэм щыІэмрэ абы къедза щІыналъэхэмрэ Къэрал заповедникыу къалъытащ.

♦1941 гъэм Вашингтон (США) къыщызэІуахащ Лъэпкъ художественнэ галерее. Иджыпсту ар дунейм щынэхъ къулей дыдэхэм ящыщу къалъытэ.

♦1950 гъэм радиоактивнэ пкъыгъуэщІэ - Калифорний зыфІащар - зэхалъхьащ.

♦1960 гъэм Инджылызым и банкым къыдигъэкІащ къэралым и пащтыхь гуащэм и сурэтыр зытет, зы фунт стерлинг хъу ахъшэр.

♦1960 гъэм дунейм щыяпэу Японием и тыкуэнхэм къыщІалъхьащ щъуэкІэпльыкІэу тхэ фломастерхэр.

♦1991 гъэм Совет Союзым щекІуэкІащ СССР къэралыгъэр къызэтегъэнэным е ар зэбгрыгъэкІыжьным теуху референдум. СССР-м и телъхьэу къэуват щІыхубэм я процент 77-м щІигъур. ИужькІэ наІуэ къызэрыхъуащи, абы щхьэкІэ къэмынэу къэралыгъуэшхуэр лъэлъэжащ.

♦Урыс сурэтыщІ цІэрыІуэ **Врубель Михаил** къызэралъхурэ илъэси 165-рэ ирокъу.

♦Совет журналист, тхакІуэ, Сталиным и цІэр зезыхьэ саугъэтэм, Мамырыгъэм и дунейпсо саугъэтым я лауреат, 1967 - 1981 гъэхэм «Юность» журналым и редактор нэхъыщхьэу щыта **Полевой** (и унэцІэ дыдэр Камповщ) **Борис** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и цІыхубэ сурэтыщІ **Дыгъужь Мыхьмуд** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Ливанов Аристарх** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦США-м и щыщ киноактёр, продюсер, сценарийхэр зытх **Рассел Курт** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Урысей режиссёр цІэрыІуэ, УФ-м гъэзджэхэмкІэ щыхьэзиІэ и лэжьакІуэ **Астахан Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 11, жэщым градуси 3 - 4 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал дамыгъэхэр тынымкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал дамыгъэхэр тынымкІэ щыІэ комиссэм хэтхэу мы указым щІыгъу гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуахэр къэщтэн.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал дамыгъэхэр тынымкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» 2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №187-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм гъатхэпэм и 11-м
№25-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2021 гъэм гъатхэпэм и 11-м къыдигъэкІа Указ №25-УГ-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал дамыгъэхэр тынымкІэ щыІэ комиссэм ХЭТХЭР

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іыр *(Комиссэм и унафэщІщ)*

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іыр и япэ къуэдзэр *(Комиссэм и унафэщ Іым и къуэдзэщ)*

Амщокъуэ Ф. Къ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгурыІуэныгъэ» союзым и унафэщ Іыр *(зэгурыІуаУэ)*

Апажэ А. Къ. - «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и ректор *(зэгурыІуаУэ)*

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжьныкІэ и министр

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэмкІэ и министр

Ёмуз А. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъущ кадрэхэмрэ ехьэлІа ІуэхуэмкІэ и управленэм и унафэщ Іыр *(Комиссэм и секретарщ)*

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдзэр *(зэгурыІуаУэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр

Маслов Н. А. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ зэгурыІныгъэхэм я совет» ассоциацэм и гъэзэщІакІуэ унафэщ Іыр *(зэгурыІуаУэ)*

Хъубий М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствм и Унафэщ Іым и къуэдзэр

Бгыр Іэмалкіэ якъутэ.

● Дызыгъэпlейтей Iуэху

Хуэсакъыу щIыуэпсыр яхъумэ

КЪБР-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъэхэмрэ экологиемкIэ и министр Шаваев Ильяс «Щ1ыуэпс» лъэпкъ проектым теухуа пресс-конференц иригъэкIуэкIащ.

- МЭЗЫР хъумэным, жыг хэсэным и Iуэхукlэ лэжьыгъэшхуэ идогъэкIуэкI. 2020 гъэм щIы гектари 102-м жыг хэтащ. Абы зэрелэжь техникэу 11, жыг зэрыхасэ Iэмэпсымэу 7 зэдгъэпэщащ. 2021 гъэм ди мурадщ щIы гектар 149-рэ зэщIелъэдгъэIэсыну, абы техуэнущ жыг мин 420-рэ. Мэзым къыщыхъу мафIэсыр зэрагъэункIыфI техникэу 4, жыггъэкI Iуэхум зэрелажь Iэмэпсымэу 7 зэдгъэпэщынущ. Республикэм щыхэтсэ жыгыщIэ цIыкIуэхр Лэскэн щIыз лесопитомникым къыщагъэкI. Абы КЪБР-р жыгыпхъэкIэ иригъэуIэпэщ, уеблэмэ гъунэгъу щыналъхэхэм яльоIэс. Нэхъыбэу хэтсэр жыгей, пкIей, кIей жыг лIэужьыгъуэхрщ. Ди щIыпIэм ахэр фIыуэ къыщокI.

Мы гъэм дыхэтщ «Къэрал къабзэлъабзэ» проектым. Тэрч, Май щIыналъхэхэм, Бахьсэн къалэм пхъэнкIий идзыпIэу гектар 20 хуэдиз щыдгъакъэбзащ, 2021 - 2022 гъэхэм ардыдэр Iуащхьэмахуэ районым щытщIэнущ. «Псыежьхэхэр хъумэныкIэ» зи фIэщыгъэ проектым мы гъэм япэу дыхэтынущ. А Iуэхум тету Бахьсэн и псыкапIэр дгъэхьэбэнущ, - жиIащ Шаваевым.

ПхъэнкIийр зэхэхауэ зэхуэхьэсыным и Iуэхукlэ министерствэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм щытепсэлъыхьым щапхъэу къыгъэлъэгъуащ Прохладнэ щIыналъэр. КъыззэрыгуэкI пхъэнкIий илъхьапIэхэм абы щыбгъэдагъэуващ абджыр, тхьилъмпIэр, пластикыр щхьэхуэу зырадзэ контейнерхэри. Сабий садхэмрэ школхэмри пхъэнкIийр зэщхьэщхьауэ щызэхуахьэс.

- 2017 гъэм пхъэнкIий идзыпIэу республикэм 112-рэ щыIащ. НобэкIэ 72-рэ къэнащ пхъэнкIий ирамыдзыжу, ауэ Iуэхыжьи хуейуэ. Адрейхэр рекультивацэ тщIыжащ. ЩIыпIэ администрацэхэм я унафэщIхэр нэхъ кIэлъыплъ хъуащ цIыхухэм къуажэр пхъэнкIий идзыпIэ ямыщIыным, - жиIащ министрым.

Iуащхьэмахуэ лъапэ гъэкъэбзэным теухуауэ щыпсальэм Шаваевым къыхигъэщащ, абы пхъэнкIийуэ щызэтрихьэм упэщIэтыным зэрыгугъур. Сыту жыпIэмэ, бгым дэкIуей туристхэм ар къытранэри, къохьыж. Тонн бжыгъэкIэ къащыпыжьи хуей мэхъу зыгъэпсэуакIуэхэм къызэранэкIэр.

Журналистхэр щIэупщIащ «Гидромет» заводым теухуауэ министерствэм щIыIэ унафэм.

- «Гидромет»-р зэрылажьэ технологиер зэрихъэкIыу, щIыуэпсым зэран хэмыхъу Iэмалыщ1эхэм техьэн хуейщ. Iэхуэщ1апIэм системэщIэр къызэрызэрагъэпэщыну Iэмалхэм теухуауэ «гъэгу картэр» ягъэхьэзыращ. Абы хэпIапхъэ Iуэхущ1апIэхэр кIэтъыплъынущ щытыкIэм зэрызизыужь щIыкIэм. Хьэуар эмыыфIей системэм техьэфмэ, адэкIи и лэжьыгъэм пищэну Iэмал иIэнущ. Къэрал куэдым апхуэдэ Iуэхущ1апIэхэр кьалэхэм щагъэлажьэ, сыту жыпIэмэ щIыхухэм я узыншагъэм зыкIи зэран хуэмыхьу технологиехэр къагъэсэбэпыф.

Мэзхэм къыщыхъу мафIэсхэм я гугъуи ищIащ министрым:

- Мэзхэр мафIэсым щыхъумэным папщIэ къызэрагъэпэщ гъэгу щхьэхуэхэр щыIэщ. Илъэс кьэс апхуэдэ гъэгу лIэужьыгъуэхэр къызыдогъэпэщ, къэмысэбэупрэ щIым хэгъэуэщ1экэри догъэтэмэмыж. Мыбы нэгъэущ1 зы Iуэхугъуи хэлъщ: гъэгуэгухэр къэунэхуауэ ялъэгъуа нэужь, цIыхухэм ар зекIуапIэ ящI. МафIэсым куэдрэ щхьэусыгъуэ хуохъу цIыхухэр абы зэрыхъэмысакъыр, - жиIащ Шаваев Ильяс.

Министрым къыхигъэщащ щIыуэпсыр хъумэным и Iуэхукlэ республикэм и щIыхухэр нэхъ набдзэгубдзаплъэ зэрыхъуар. УпщIэрэ Iуэхукlэ министерствэм абыхэм куэдрэ зыкъыхуагъаз9.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Миронов Сергей «Захуагъэм тет Урысей» партым и бгъэхэIу лъапIэр Кебеков Владимир ирет.

Токъу Русланрэ Къэрал Думэм и депутат Хованская Галинэрэ.

Захуагъэмрэ пэжымрэ я телъхьэ

● Ди псэлъэгъуэхр

«Захуагъэм тет Урысей» («Справедливая Россия») партым псори зыщIэхъуэпс, ауэ нобэр къыздэсым зрамыгъэхъулIэф Iуэхушхуэ зэфIигъэкIащ. Абы иджыри партитI зыгуигъэхьащ: «Пэжым и телъхьэу» («За правду») партымрэ «Урысей хэкупсэхэмрэ» («Патриоты России») цIэр зезыхьэмрэ. Иджы езым зэреджэми зихъуэжащ: «Захуагъэм тет Урысей - хэкупсэхэр пэжым щIодэн».

Зэгуихьэныгъэщ1эм и съезд иджыблагъэ екIуэкIам КъБР-м къыбгъэдэкIыу хэлэжьыхьахэщ республикэм и Парламентым «Захуагъэм тет Урысейм» и фракцэу хэтым и унафэщI Кебеков Владимир, КъБР-м и Парламентым Ихуэныгъэмкlэ, ЖКХ-мрэ ТЭК-мкlэ и комитетым и унафэщI Токъу Руслан, Шэрэдж районым партым и Iуэхуэхэр щызезыгъакIуэ Башиев Екъуб сымэ. Ди упщIэхэмкIэ Токъу Руслан зыхуэдгъэзащ.

- Сытым щыгъуэ зэгухьэным теухуа унафэр къыщащтар?

- Дызэрызэгухьэрэ куэд щIакъым. Къыдгухьа партитIым я унафэщIхэм «сопредседатель» къулыкъур иратауэ зэдолажьэ. Дэ щэч къытетхьэркъым Кърал Думэм щылэжьэнухэр хахьи и пэ къихуэу апхуэдэ пъэбакъуэ Iущ зычыфрахэм я акъылэгъуэр нэхъыбэ зэрыхъунуми езы зэгухьэныгъэм и кIаурум зэрыхэхуэнуми. Иужьрей зэхуэсым утыку къыщрахьащ зэгуихьэныгъэщIэр зытетыу мардзэкр къыщыгъэлъэгъуа Манифестыр.

- Сыт хуэдэ Iуэху щхьэпэ къыдэкIуэну ущыгугъур Миронов Сергей и «Захуагъэм тет Урысейр», Прилепин Захар и «Пэжым и телъхьэу» партыр, Семигин Геннадий и «Урысей хэкупсэхэр» зэрызэгухьам?

- Сэ а Iуэхум фIыкIэ сыщогугъ. Япэрауэ, партищым къызэдащта Манифестым Iупщ1у къыщыгъэлъэгъуащ къалэн зыщащIыжхэр икIи абы псоми зэдзэрзэныу Iэ щIадзащ. Абы ихуащ пэжым, хэку фIыльагъуныгъэм, захуагъэм тегъэщIапIэ хуэхъу мардэ 12. Дэ пщэрыльэ зыщыдоощIыж ильэс 15 ирикъуа «Захуагъэм тет Урысейм» къэхъуIа лэжьакIэм мыдрей парт щIалитIым я къару жыджэрэхэр гъусэ хуэтщIу, тхьэмыщкIагъи зэхуэмыдэныгъи узыщIримыхьэлIэ къэрал духуэну. Ар, шэч хэмылъу, тхыдэм къыхэнэну унафэщ. Иджы «сэмэгухэмрэ» хэкупсэхэмрэ зы зэрыхъуам и фIыгъэкIэ, хэкур зыхуэныкъуэ жэрдэмхэр акъыл нэхъ хэлъу кIаIэтыфынущ. Партым и съездым къыщта унафэм къыщыхэгъэщащ: социалист парту зыкъэзылъытэж мы зэгуихьэныгъэр сыт и лъэныкъуэкIи цIыхум и хуитыныгъэр ихьумэным хущIэкIынущ. Къэрал Думэм тIыкъыпIэ нэхъыбэ щIэрыхьэн папщIэ, партым и мурадщ мэлыжьхьыныр имыух щIыкIэ лэжьыгъэр щIигъэхуэбжьэну.

- Сыт хуэдэ тегъэщIапIэхэр игъэнэхъапэрэ фи зэгухьэныгъэм?

- Мурад пажэу дэ зыхуэдгъэувыжыр апхуэдиз зэхуэмыдэныгъэ цIыхубэ зэхуакум щымыIэныкIэ, тхьэмыщкIэхэмрэ къулейхэмрэ егъэлеяуэ зэщхьэщыкIыу щымытыныкIэ, Щ1ыхум и лэжьыгъэм хуэфэщэн пщIэ, абы къикIыр - зыхуей игъуэту зыгъэпсэун улахуэ хуэдгъэувыныщ.

ЕтIуанэ плъапIэр - сабий зэрыс унагъуэхэм защIэгъэкъуэныщ. Ялъ игъэщIыпхъэхэм язу къыдолъытэ бын зыгъуэта анэм илъэсищ пщIондэ сабийм зэрыкIэлъыплъ ахъшэ къратыныр. «Анэм и мылькыр» нэхъ тыншу къэбгъэщхьэпэну Iэмал щыIэн хуейщ, псалъэм папщIэ, а ахъшэмкIэ машинэ къыщхьну хуиту икIи хуэзэфIэкIыу, сабийр узыншагъэ и лъэныкъуэкIэ зыхуэныкъуэхэр къыхуущIэкIыу, кьинэмыщIкэр.

Апхуэдэ дыдэу дэ ди мурадщ алиментхэм я Iуэхум зэкъуэкIыныгъэ хэтлъхьэну. Нэхъ щхьэтечу жыпIэмэ, и закъуэу сабийм кIэлъыплъ адэм е анэм и быныр зыхуей хуигъэзэн щхьэкIэ, зыми хуэмыныкъуэу щытын хуейщ. Гульытэ яхуэщIипхъэщ сабий куэд зэрыс унагъуэхэми. Абыхэм нэхъ пуду унэ къахуэщхуу е яухуэфу щIын хуейщ. Абы щхьэкIэ хэхъуэ темылъу щIыхуэ иратынир хабзэкIэ къащтапхъэщ.

ЗэхуэкIыныгъэ хэтлъхьэну ди мурадщ пенсэм и Iуэхуми. Ди партым и еплъыкIэр зытетам къытенащ: ялъэм зэрыщытам ещхьу, бзылъхугъэхэр илъэс 55-м, щIыхухуэхэр илъэс 60-м пенсэм кIуэуэ щIын хуейщ.

КъыщынэмыщIауэ, пенсэм кIуэну щIыхуит ныбжьыр къыхуегъэIэбыхьпхъэщ сабиитхуе е нэхъыбэ зиIэхэм, зи Iэпкъльэпкъыр къызыдэмыбзэхэм, гугуъехь лей зыпылъ Iэнатlэ Iутахэм. Партым захуагъэу къелъытэ «Пенсионнэ фонд» жыхуаIэ Iуэхущ1апIэр ягъэкIуэдыжу абы и къалэнхэр налог Iуэхущ1апIэм и пщэрылъ ящIыныр. Апхуэдэу ящIмэ, а фондым текIуадэ мылькымрэ абы щылажьэхэм яIыгъ ухуэныгъэ ехьэжьахэмрэ нэхъ мыхьэнэ зиIэ Iуэхум хуаутIыпщыфынущ.

Ди партым и мурадщ медицинэм мылъку нэхъыбэ хуиутIыпщыныр. Къэралым пыгъэщхьэхкIэн хуейуэ къыдолъытэ уней страховой Iуэхущ1апIэхэри. Урысейм и кIуэцIкIэ дохутыр Iэщ1агъэ зиIэ псоми зы улахуэ щыхуагъэувын хуейщ. Нобэ дохутырхэм я процент 85-м, сабий дохутырхэм я процент 90-м я улахуэр къаззэремэщIэкIым кьыхэкIыу, IэнатIитIыщ здахьын хуей мэхъу, ар къьмыззэгъщ.

Хущхьэхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм я уасэр пхуэмыIуэтэну лъагэщ. Унафэ къэщтэн хуейщ цIыхум ящIын хуэмыIэ и проценти 10-м нэхъ нэхъыбэ уасэ абыхэм хуагъэувынир ямыдэу. Хущхьэхэм и уасэр а мардэм зыгуэркIэ фIэкIмэ, ар къэралым къырещхьу.

Иджыри гу зылъытапхъэ Iуэху. Ар Урысейм зыхуей хуэзэ щIэныгъэфI щыIэзгъэгъуэтыфу зэрыщытыпхъэрщ. Дэ доукъуэдий Урысейм и кIуэцIкIэ егъэджакIуэхэм ираут улахуэр мардэ пыухыкIам тегъэувэн, ЕГЭ-р ягъэкIуэдыжьи, е къэзымыгъэщхьэпэнум имыту ящIын хуейуэ. Iэщ1агъэ зэгъэгъэтыкIэ Iэмалхэм зегъэубгъун хуейщ, абыхэм ухурагъэсэн папщIэ щIэныгъэлIэкIэмрэ егъэджакIуэфIхэмрэ къьебгъэблагъэ хъууэ унафэщ1эхэр кьащтапхъэщ. Iэщ1агъэ щызрагъэгъуэт еджапIэ къэзэуухахэр IэнатIэ увынымкIэ къэралыр дэIэпыкъун хуейщ, Совет Союзым зэрыщыщытам хуэдэу, Сытми, узытепсэлъыхьысфынур куэдщ, ауэ, сэ сызэреплъымкIэ, Iуэху зэфIэхыкIэ узынщэ къыгъэлъагъуэу, партыр и плъапIэм хуокIуэ. Ар цIыхухэми къагурыIуауэ, акъылэгъу къырещхьу.

- Зи гугъу пщIы партым КъБР-м щиIэ къудамэм и лIыкIуэхэр дауэ хэлэжьыхьрэ?

- Партым и унафэщIхэм сыт щыгъуи пщIэ лей кьыхуащI Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ и лIыкIуэхэм. Кебеков Владимир ди къудамэм и унафэщIу зэрагъэувэрэ, Iуэхур и пIэ икIауэ, лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэфIегъэкI. Кебековыр иджыблагъэ хагъэхьауэ партищ зэгухьам и советым, абы и дамыгъэ нэхъ лъапIэу къалъытэ «Захуагъэм тет Урысей» партым и бгъэхэIу лъапIэр кьратащ. Партыр кьызэрыунэхурэ апхуэдэ тыгъэ зратар цIыхуитху къудейщ.

Епсэлъар

ЧЭРИМ Марианнэщ.

● Зэхыхьэхэр

Сабий тхылъым и тхьэмахуэ

«Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я тхылъхэр» зыфIащар союзэпсо Iуэхуу къыззэрагъэпэщу щытащ, иужькIэ, 1991 гъэм къыщыщIэдзауэ, сабий тхылъхэм я гъэлъэгъуэныгъэр Урысейм гъэ къэсыху щрагъэкIуэкI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым а зэхыхьэ дахэр бжьыхьэм хуагъаззэрти, Налшык дэт къэрал Концерт гъэлъэгъуапIэм Iэтауэ къыщыщIэуахырт. Нэгъабэ а Iуэхугъуэр пандемием и зэранкIэ къызэпыуда хъуами, мы гъэм онлайн щытыкIэм иту ар ирагъэкIуэкIынущ.

«Сабий тхылъым и тхьэмахуэр» республикэм къыщызэзыгъэпэщри щезыгъэкIуэкIри КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэрщ.

НАФIЭДЭ Мухьэмэд.

Мэршэн Мэчрэ1ил Хьэмац и къуэр

Иджыблагъэ дунейм ехыжащ щIыху гуманщIэу, лэжьакIуэшхуэу, зи Iэщ1агъэми гъащIэми фIыуэ хэзыщIыкIыу щыта Мэршэн Мэчрэ1ил Хьэмац и къуэр.

МЭРШЭН М. Хь. 1938 гъэм къалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха нэужь, Нарткъалэ консервхэр щащIу дэт заводым и комсомол зэгухьэныгъэм и секретару 1962 гъэм абы лэжьэн щIидзащ. 1964 гъэм Мэршэныр ягъэуващ КПСС-м и Нарткъалэ къалэ комитетым и инструктору.

1965 гъэм къыщыщIэдзауэ 1982 гъэ пщIондэ республикэм и парт, комсомол органхэм щылэжьащ: КПСС-м и Советхэ щыналъэ комитетым щылэжьащ: КПСС-м и Совет нэхъыщхьэм и Президиумым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым я Щ1ыхь тхылъхэр.

Лэжьыгъэ и пIалъэ зэрищIэм, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зэрыщытым, жэуапIыныгъэ хэлъу сыт хуэдэ Iуэхуми зэрыбгъэдыхьэм, и щхьэми и унафэ щIэтхэми зэрагъэхэткIийм и фIыгъэкIэ Мэршэн М. Хь. къулыкъуакIэ зыпыщIахэми жылагъэми пщIэшхуэ къыхуащIырт.

Мэршэн Мэчрэил Хьэмац и къуэм, щIыху псэ къабзэу, гушхуэ зыкIуэцIыльу, Iэщ1агъэлI Iэзэу щытам, и фэеплъ нэхур игъащIэкIэ тщыгъупщэнкъым. Абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ дахуогузавэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ.

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу

Курортхэм, санаторэхэмрэ профсоюзхэм я зыгъэпсэхупIэ унэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я Урысейпсо зэIущIэм хэтхэр. Ижьымкlэ ещанэр - КIыщокъуэ Хьэтауц. *Москва, мазаг, 1961 гъэ*

Iэщ1агъэлI щIалэхэр зэпоуэ

● Гъуэгу къежьапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэ студентхэр хэтащ «Iэщ1агъэлI щIалэщIэхэр» (Worldskills Russia) Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ зэпеуэу гъатхэпэм и 1-м щIидзам.

ЧЕМПИОНАТым и лIэужьыгъуиплIым хьыхьэ зэпеуэхэр, «ПэщIэдзэ гъэсэныгъэ», «Класс нэхъыщIэхэм щегъэджэн», «Ортопедическэ стоматологие», «Веб-дизайн» щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и къудамэхэм.

Гъатхэпэм и 2-м Информационнэ технологиехэмрэ экономикэмкIэ колледжым щыщIадзащ «Веб дизайн» унэтIыныгъэм хьыхьэ лэжьыгъэхэр щыгъэззэщIэным. КъБКъУ-м и медицинэ колледжым и унэщIэм щекIуэкIащ республикэм щыщIэщыгъуэ «Ортопедическэ стоматологие» лIэужьыгъуэмкIэ зэпеуэхэр.

Зэхьэзэхуэм хэтащ КъБКъУ-м и медицинэ колледжым 1 - 3-нэ курсхэм щеджэ студентхэр. Абыхэм я лэжьыгъэхэр кьапщытащ колледжым къыщIэкIа, иджыпсту а Iэщ1агъэм ирилажьэ дохутырхэм.

Университетым и педагогикэ колледжым къыщапщытащ чемпионатым хэтхэм «Класс нэхъыщIэхэм щегъэджэн», «ПащIэдзэ гъэсэныгъэ» унэтIыныгъэхэм я зэфIэкIыр здынэсыр. Абыхэм якIэлъыплъащ колледжым и егъэджакIуэхэмрэ дэтхэнэ унэтIыныгъэми ирилажьэ Iэщ1агъэлI кърагъэблагъэхэмрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сурэтым: **парикмахер Iэщ1агъэ лIэужьыгъуэм щытекIуа Хъуромэ Алёнэ.**

Иджырей мардэхэм къотIасэ

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

Къамылыкъуэ, Приречнэ яхуэхьэзэр «Кавказ» гъуэгу нэхъыщхьэм ялъэзыгъэIэс автомобиль зекIуапIэр иджырей мардэхэм къитIасэу зэрагъэпэщыж. Лэжьыгъэхэр йокIуэкI «ФIагъ лъагэ зиIэ автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» лэпкъ проектым ипкъ итщI.

КИЛОМЕТРИ 7 зи кIыхьагъ автомобиль зекIуапIэр зыхуей хэзгъэзэным ехьэлIауэ мы щIыпIэм Iуэхугъуэ зыбжанэ щрагъэкIуэкIынущ: гъуэгум асфальтыжьыр трагъэхьэзыкIыжьыну, абы и лъабжьэм щIэлъа мывэкIэщцхъым хагъэхъуэнурэ псори зэтраубэжьынущ, и щIыпм иджырей мардэхэм къитIасэу, асфальтыщIэр трагъэззэгъэнущ, гъуэгум и кIыхьхьэпIэ-хэкIыпIэхэм зрагъэубгъунущ, ибгъуэм щIыхагъэззэгъауэ щыта псы жапIэхэр зэрахъуэкIынущ.

КъыщынэмыщIауэ, гъуэгуухуэхэм къыззэральытэмкIэ, зи гугъу тщIы къуажэхэм дэсхэр щыгъуфIыкIынущ уэрамхэм щызэрагъэпэщыжыну я мурад лъэсырыкIуэ лъагъуэхэми. Апхуэдэуи, автомобиль къззыгъэсэбэп «гублащьхьдсхэр» Къамылыкъуэ, Приречнэ къуажэхэм я уэрам нэхъыщхьэхэм нэхъ тыншу икIи шынагъуэншэу иригъэкIуэн папщIэ гъуэгу Iуфэхэм уэздыгъэ зыпылъ пкъохэр щагъэувыжынущ.

Гъуэгуухуэхэм, я лэжьыгъэм и япэ лъэбакъуэу, зи гугъу тщIа километри 7-м телъа, жьыфэ къызытеуэу быркъуэшыркъуи хьужа асфальтыжьыр трагъэкъэбзыкIыж.

Зэраубзыхуам тетмэ, Iэнатlэм ехьэлIа лэжьыгъэ псори дызыхуэкIуэ гъэмахуэм и кIэм зэфIагъэкIынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ЧЭРИМ Марианнэ

Ды ымыкъу

Роман. Ещанэ Іыхьэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 2020 гъэм и №№125 - 130-хэм, 2021 гъэм и №№92 - 4, 6, 8, 11, 12, 17, 20, 22, 25-хэм итщ).

Ику ину мазэм зэ щэр здахьыпм теухуауэ зодауэ си гуащэ-тхьэмадзэр. Мамэ: «Дэзэгъныкъым, хьэм едгъэшхынщ», - жи. Папэ: «Дагъэ тКІэупс зи унэ щІэмыпІь цІыху зэрыщыІэм сэ зэхэпщІыкІрэ, сабийхэм я дзажэнаплъэхэр кьыхэпльу? Гъэвжаи дагъэм дэщІыгъуу зехьэ. Здэпхьын мащІэ?» «Плахьрыкьым! Иджыпсту кьалэм и кІыхьаГькІэ ирикІуи, зы лы тыкуэн іуэхэзэнукъым, щэ щІэлъу», - жеІэ мамэ аргуэру. «Ярэби, сыту я насыпІ лы зымышхэм. Илуи щІы, и щэуи щІы, и фэуи щІы! КъыкІуэцІыхтыр хьІфІэдзэжьн щхьэкІэ апхуэдизэ псэуцхъэ зэрыдуцкІыи и гъэныхьэм дигъэкІуэну дэ унагъуэр? ЗэрыщІыту щэкІэ умыпщІэфІми, бжэмыпхъ зырызу дагъэм дэщІыбгъуурэ зехьэ», - папэ щышхэм дэкІэ си гъын кьоКІуэ занщІэу. Ар зи цІыхухфІагъым и жагъуэ хъуну гуэр щхьэ дунейм щызекІуэхэрэр жыуе-гъэІэ. «Щэ гъэвэжа литр, литритІ апхуэдэу соцІ, ауэ щэ гъэпщІынр дэнэ здэсхьынур? КъысщыукІытэу сІыхьыхэм хьІфІадзэку гурыщхъуэ соцІ, тхъэ дыдэ, сымыщхъэх икІи сІыщымысхь», - жеІэ мамэ. Зэрыжиізр еІуСэ зэпытурэ, и гум зэремыуэм шэч къытрихьэнкІэ гузавэм ещцыжу, и Іэм, и плІэм, и щы-гъыным епэщыгурэ.

Зыгуэр нэгъэщІу щымыхъунум деж, си тхъэмадзэр сфІэпсэкІуэд Іей мэхьу. Уигу хигъэщІ нэхьрэ, зыхуей псори зыщигъэгупщэнрэ нэхъ тыншынымэ абы и дежкІэ, езым уемыдаІуэ щхьэкІи зыкъуигъэщІэхэснукъым. Ауэ гуэныхь къыфІэщІ гуэрым Іэмал щыхуимыгъуэтым деж, дыгъэм и зы бзий игъэункІыфІын хуей хъумэ къызэрытехьэлъэнум ещІху, тхъэмыщкІафэ дыдэ къытоуэ. Мамэ ар апхуэдэу хъуауэ гу зэрыльитэу, и псэр хэкІын хьэзыру кьыззофІонэ, зрешэкІри: «Хъунщ, си фыщэ кІанэ, зыгуэр кьэдгупсысынщ», - жиІэурэ кьыхуэгуфІэжьыку кьеуфэрзэхьх. Дыщэ кІанэр зэрызэхихыу, си тхьэмадзэми, псэщІэ къыІуКІа нэхьеи, мамэ кьепхъуатэри егъэкІэрахъуэ. Дауи, сэ ар зэрысЬаГъур ящІэрыкьым.

ІэбгІурэ зэбгъдэсу тІуми зыми адрейм и жагъуэ зэримыщІар гурыІуэгГъуэ хъуа нэужь, тхьэмадзм жеІэ: «Уэ щэр уогъэвэж. Сэ бззэрым сокІуэри, шатэ зракІэ пэгун щІыкІуэм хуэдэ къыпхъощэху. Мо тхьэрыкьуэ пщэхуитІри къоплъу щумыгъэс. «Шху» жаІэу тратхэу кьаублауэ жаІэ. «Щэ» къыІэщ тептхэ щІэмыхъунр сыт. Нэхъыщ Іитым яжеІи, уэсу къыпхурагъэсынщ, компьютерым къыбГъэдымыгъэкІ закъуэ».

- Зыри къыумыщІэжу зэкІэ, схухьифІэмыдзэу зэхуэсхьэсауэ щІыунэм ифІыщ пэгун цІыкІу Іэджэ, зэмыщхьяркъабзэми хъунущ. ахэр, пэжкъэ? Махуэ къэси зыгуэр нэщІ мэхьу. Гъэвжаи хьэзырмэ, хэти къищтэнущ ар. Лыр зытетІтхьэм деж дыдэ, уплъэмэ плъагъуу тетІгъэувэнщи аращ. Іеищэу уэгъэбэмпІа? - къыщІидзэжауэ зрешэкІ. Адрейми къызэрытелъэщІыхь и Іэр къыІэщІехри и нэм, и Іупэм хуихьурэ, мыхьуэр Іэфі гуп къыхутрегъауэ.

Иджы а псори си фо цІыкІум жесІэжьнырэ, сэри зыгуэркІэ сахэпщэфІыхьынущ. Пэж дыдэу, щэр куэдыщэ мэхъу. Зыщэхур закъуэтІакъуэххэщ. ПщІэнэзу хуэпшІимэ, зыгуэр епта и щІэу, щэри уи натІэ ибГъэкІыи щхьэкІэ яхуэбдзу къащохъу. Ауэ сэ зыщІыпІэ сыкъыщеджауэ щытащ щэм сабийм къыхэпщІыкІ хъууэ. Мис абы зеэгъэсэнуръ ди Дышэ КІанэ зэгъэгуфІэнуц. Ар гуфІэмэ, мами гуфІэнчэ. Мамэ гуфІэмэ, си фо цІыкІури гуфІэнрэ сэри сигъэгуфІэнщ. Сабийм ещІху схуэщІу зеэгъэсэфмэ, пІахьи дэнэ къэна, къыплъамыгъэсыжу хъунущ ар. Зы щэ килограммым сабийм дапщэу пІэрэ къыхэкІынур? Удэ гъэгъуа сытым дежи ди куэдщ. Ахэр хэпкІутэурэ, мэкІи фэкІи зэмыщхьу пщы хъунущ.

Мазае, 17. Къэлэрдзэгу

Цыхур лъагъуныгъэм кьыззэрыхуигъэщІар псалтъ дыгъэлкъым икІи хуэгъэфэщынымкъым. Ар щэ зыхэмыль пэж дыдэщ, ауэ пщІэнэзу къыбГуригыІуэку нэхъ тынщу упсэууэ. НэгъэщІ зыри щищІэркъым цІыхум мы ГъащІэм, фІыуэ илъагъуну фІэфІхэм яхуэгъэзэ и гумащІагъэр иригъэфІакІуэ фІэкІа. Псэ зыІут е зыІуымытхьэ гуэр фІыуэ зэрытлъагъум и закъуэщ дэ Езым деж кІуэ гъэгъуи лъакъуэ, вакъз, шы, гу щытхуэхъур. ЛъагъуныгъэщІэрылъэр епхьэкІыну апхуэдизу щІэхьэлъэри арагъэщ.

Гъэгъу пхуэхъун цІыху псэ къабзэ уху ззэн насыпыр ешы ГъащІэр мыхьэнэншэу зэрыблэмыкІым и нэщэнэщ. ТхьэГъуэщІ фІыуэ лъагъуэ укъыззэрилъагъуэжр. ЗззэмызэгунэсЬ пщымыхъу гъэрхэр зэрызыхэпщІэми езы гухэлъым къыпхуищІэм зы налъи хигъэщІыркъым. Уафэм бахъэу зиІэту уэшхыу къеШхьэ псым ещхьщ лъагъныигъэр - сыт щыгъуи ифІ къоКІ, сыт щыгъуи псэхэлъхьэжщ.

7

Мэрем махуэм

Хьэсэнрэ Щыхьымрэ мэжджэхьШм макІуэри ГъэгъуГ теПщ. Мазэ бжыгъэкІэ нэхъыщІэ Щыхьым сэмэгурабгъур иІыгъщ.

- Нобэ Емызэгъхэ я къуэракъэ зи чэзур? - щІоупщІэ Хьэсэн къыщІыдририхьей гуэр зэрыщІэнр ящапщІэу. - Хуабжьу мауэ а щІалэм и шхыдэкІэр. Диным къыхуэзоджэри сызаХуэщ жыпІэурэ, унагъуэкъутэу укъыщІэкІыжьынущ. ЩІалэр ззэзышхьакъэ, лІо ищІэхэр?

- ЖэщибгІ-махуфІкІэ тхьэлъэІу сщІыжынт, нэмэз сщІынущ жиІамэ. Бэч и псынщІэгъуэм икІащ, ущІэгуззвэжьн щыІэжъым. Мис, унагъуи ахъщэ, зым кьыгурымыІуэр адрейм къыгурыІуэнщ. Ди щхьэгъэтынышІэ зыхэзагъэрыщІ къытхуэмыщІэр.

- ЛэжьаІпэм къащтэжьн Іуэху зэрауэркъэ?

- Алыхьым жимыІэкІэ! - кьерекІут Щыхьым зэгупсыс дыдэр. - АкъылкІэ дымыгГуэтар бэлыхьым кьытхуищІащ. Зэи хамыгГэхьэжащэрэт а сыхьэтмыГуэ гупым! КъыжьэдэмкІуэм сщІэркъым. Хьэрун и хадэр сэ зесхьэнущ жиІат зымахуи, си Іупэр зэтехьэжьыркъым абы лъандэрэ. Ди ди, ди адэшхуи аращ зыхэпсэуркІар игъащІэм. МыІэрысэ, кхъужь - нэгъэщІ Іуэху зетхуакъым зэи, ахъшэнши дыхьэуакъым.

- Шы зГъэхъуну сызэрехъуапсэр пщІарэт! - занщІэу къыІэщепхъэт Хьэсэн Щыхьым трилъхьа уэрэдыгкъыр. - МыІэрысэ, кхъужь зэрыжьпІаращ ар щыжьисІэр. ЯГъэкІуэдыи ипэкІэ ди адэшхуэм шы минрэ бГъущІэ бГъурэ иІаУэ сыщІмихьэпІащ тхьылъжьэ, гурым. ЛЫым хэтыр пхуэздэныукъым, сыти жыІэ. ЩІым тепщІыхьращ укъэзышмыгъэпщІэжьынр.

- Сыт-тІэ укъэзыГъэуВыІэр? Дэ зыдгъэнэхъжьв щхьэкІэ, зы илъэсищэ ипэкІэ иджыри бжэ къуагъым дыкъызагъэзэрр, жьлпэм емыщхьмк іэхунт. ГъащІм нэхъ яІэтэкъэ абы щыгъэ.

- Аратэм нэхъыфІри. Пшхыныр кьызэрыблэжьым нэмыщІ, уи гур иІэту зыгуэр Іуэхум хэтын хуейщ. Пщэдей лэжьыгъэм сыкъытпэрокІ, псалъэм тапщІэ. Сыт дэ дыкъэзыпІагъуэм жаІэжьму къэхуэдГъанэр? Ди ныбэр кьетхъэкІыу уиэ-унэкІэ дыззэрыдэтара, къулькъущІэхъэм яхуэжьІтэн дГъуэтмэ, дыгуфІэрэ, псы щІыІэ къыдэІуэсмэ, дыкъаскІэу? Сэ сызэрегупсыСри! Иджы уэ мыІэрысэ фІэкІа умышхуэ, сэри лы фІэкІа сымышхьу дыпсэурэкым, пэжкъэ? Зыр адрейм хуэмыкъуэнкІэ Іэмал имыІэу дыкъигъэщІащ, аращ зэсхуІэр. ІэщІагъэм къыхуигъэщІа щыІэщ, щІэнигъэм къыхуигъэщІа щыІэщ, лэжьыгъэм къыхуигъэщІа щыІэщ. Аращи, пхъэнкІакІуэр е щІакъхъуэгъажьэр уэ нэхърэ нэхъ лъажьэщІ къыщІэпльытэн щІэкъым. Ар зыуэ. ЕтІуанэрауэ, а щыри - лэжьыгъэри, ІэщІагъэри, щІэныгъэри - зэуІуу уи ГъащІэм хэмытмэ, уцІыху ныкъуэу аращ. МащІэ-хущІэм щыри здуМыхьмэ, е лы лей къыбоущтэри уз къыпІкрохьэ, е укъызыбГощІыж, щхьэжьанэ, бзаджэ уохъу. ГъащІэм и Іэфіыр щІокІ щым языр чэм зэрыхьуу.

- Пэжыр арамэ, - фІэфІу ГъунэгъуМ жиІэм йодалуэ Щыхьым. Езыр жьигъэм елэжь щхьэкІэ, тхьилъкІэ зэрыерыщІыр игу къокІыжк. Дахэзшлэ къарукІэ лэжьэн зэрыфІэмыфІым зэІиГъэхьауэ йогупсыс. Хьэсэни а къомыр щІыжжІэр гурыІуэгъуэщ, Марат хадэ ищІэн муРад зэриГэм зэрыщІыгуфыкІыкІыр ГъащІэу аращ. ГъунэгъуМ къигъэгушхуа Щыхьым езым и гум ильри жеІэ:

- Ардыдэращ дыдейми къыщыщІар. И хьэлыр и щІэныгъэм, е и цІыхугъэр - и хьэлым лъэщІыхьэу щытамэ, арат лы ирикъуэ жьхуэдэр. Щысабийм умыгъэлажьам цІыхугъэ зыхеБгъэльхьэну гугъущ. ЩІыІэм уимысмэ, умымжаГІэмэ, узыхуейр къыпІэрыхьэ зэпытмэ, щхьэхуэфІ умыхъункІэ Іэмал иІэжьым. Хьэлыр къащти, иджы нэхъыжькъ зыбГъэдамыгъэсыжьм щхьэкІэ, захуэмрэ хъыгуэмрэ хуиту ятепсэлъхьэу зыГуэр щІэсын хуейщ унэм. ЩІыкІаІфІэ ухъуфынкІи хъунщ тхьылъ уеджэурэ, ауэ цІыхугъэ пхэмылъмэ, гунэфу ящхьэнэнущ.

- ДыцІэ хэс нэхърэ - жьы зыбГъэдэжжаІэ игъащІэжьи, - Хьэсэн фІэГъэщІэгъуэну йодалуэ Щыхьым жиІэхэм. ЗымащІэрэ щыма нэужь, къыдыщІегъу:

- ЩІалэ Іейкъым Марат. ГъусэмыхъуМыщІэмрэ ахъшэ лейрмэ зэтрахуауэ аращ. Іэщ1агъэ узышнэрэ нЬжьжъгуфІрэ игъэтмэ, къыумыщІыхужу зихъэжьащІ абы. И анэм ЩІалэ щхьэгъуэ къыпащІэхэрэм, нэхъыфІыжщ. И анэм сыт и хъыбар? КъэкІуэжьм Іуэху зэриухуэркъэ?

- Дэнэ кІуэн, и ахъшэр иухмэ?

- Зззэгъэ зэмызэгъи щІэІэщ а Мэзкуу жьхуэпІэр.

- Арам.

Ауэрэ мэжджьэт пщІанТІэм дыхьажхэщ зэгъунэгъуитІри, щІалэхэр къабГъэдыхьэурэ сэлам кърах. Мэрем хъупІбэм щІидзэным иджыри дакъикъэ зыбжанэ иІэжщ.

- Имам хьэщІэ къашащ, - зэхэзожь щІалэхэр. Къуажэ мэжджьэт цІыкІум хамэ къызэрыщІыхьэу, занщІэу нэм зыкъыщІедзэ. Гъэгу тетыху зи гугъу ящІа Емызэгъхэ я къуэм езым нэхърэ илъэс зыбжанэкІэ нэхъыжьым ІІы лъагъунуафІэ къыбГъэдэгтщ. ХьунТІбэм къеджэнурэ арагъэнщ.

Щыхьымрэ Хьэсэнрэ я мэжджьэт сэламыр щаух дыдэм ирихьэлІэу, аэзнЬр къаджэри, Іимам-хьэщІэр теуВапІэм дэкІуеящ. Адыгэ джанэ зэпрыдэым и щІыІу кІагуэ Іэгъуапэнщ къыІэращ, езым щхьэгъэ-ІэнатІэ зэрыщІэнщ. И жьакІэ дыжьыныфэм кІыхьаГъкІи кІэщІагъкІи дэбГъуэнІакъым - іюкІу. Зэрымуслъымэнр и теплъэм къытещ пэтми, мымуслъымэнхэм я кьахэзыгъэщу дэпІлъагър и пІыІэ хьурейм и закъуэщ. И зыІыгъыкІэр нэхъ муслъымэныфІщ, и теплъэм нэхърэ. ЗэпІэззэрытщ, Іэдэбщ, макъ щабэщ:

- Алыхьу лъагэрэ лъапІэращ фІыщІэри щытхъури зейр. Аращ къытхуигъэгъуну дызэлъэІур, дызэхущІегъуэжьр зыхуэдгъэтІылъыр, ди мыхьумыщІагъэхэм, кьытІэщІэхэм дыЗыхутеБэбэжьыр, зызыхуэдумысыжьр, тобэ къызыхуэтхьыжьыр. Ди щхьэми, ди ІуэхущІафэхэми къабГъэдэкІ щыуагъэхэм дащихъэмуну, плъапІэу, гугъапІэу, лъэІуапІэу диІэри аращ. Алыхьу лъагэрэ лъапІэм къихуЗмаращ хьумэ хъуар, абы иузэщІаращ ззэщІа хъуар, ар зыукъуэнщыыжьфыни ззблэзышжьфыни щыІэнукъым. Апхуэдэ къабзэу Алыхьу лъапІэрэ лъагэм къимыкъымар, абы щигъэящІ, игъэбэлэрыгъащ, игъэхутыкъуар ГъуэгУ мыГъуэм ежьауэ аращи, ари зыуэщІыжьфыни ефыщІыжьфыни езы Алыхьу лъагэрэ лъапІэм фІэкІа щыІэкъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, акъыл зиІэ дэтхэнэ зы псэущхьэми, дэтхэнэ зы цІыхуми езым къызэрилъэжьым, езыр зызыщІэкъуэм, зызэфащэм елъытауэ, къэхъуманхъэмэ кьихъэмэу, узэщІипхъэмэ иузэщІу, щыгъэапхъэмэ ильэбэлэрыгъэ и Іуэху зыхуэкІуэнщ иригъэлъагъуэу, псоми я Іуэхур зыхуэкІуапхъэм хуэзыгъакІуэ тхьэуэ щыІэр Алыхьталъэращ, абыкІэ дыщІыхьэщ. Бегъымбар лъапІэу Алыхьым и нэфІыр зыщІыхуа, и щІэлатІыр и сэламымрэ зэхар иужьрей лІыкІуэу зэрыщІытми дрищыхьэтщ, Іиман хьужьыр араащ.

Абы къимыдзкІэ, жыІапхъэм зы хэлъхьапхъэми я нэхъыщІхьэр, уэрыщІиапхъэм я нэхъ кІэщІыр Алыхьу лъагэу лъапІэм щышынэн, фІэлІыкІын, сакъыу хущытыпраци, си щхьэ соущкеж, фигу къызэгъэжьыж. Алыхьатэм сакъыу дыхущыбгъэт, дыщыбгъэшынэ, дыфІэвгъэлІыкІ. Алыхьу лъагэрэ лъапІэр игуу къэжІынкІэ хъуну сыт ищІысым нэхърэ дГъэнэхъапэу, гурэ псэкІэ фІыуэ дыбГъэлъагъу. Сыту жыпІэмэ, Алыхьталэр зи ГъусэР мис апхуэдэу езыр фІэлІыкІыу, езыр сакъыу хущыту, ар фІыуэ илъагъурэ Іуэху щхьэпэ, Іуэху дахэ илэжьу дунейм тетыфэрапщ.

Щхьэж игу илъыр ищІэм хуэдэу, ГъащІэми динми щыпхуэзэрымыхьжьыну къыпІфэщІ гуанэ зэрыНахэм апхуэдизкІэ тынщу ятеІэбэрт къэпсальэри, «сэри сщІэрт ар» зэрыжьпІэм фІэкІа, щІэ гуэр зэхэпхауи къыпщигъэхъуртэкъым.

- «Лыкъымэн» сурэм мис мыпхуэдэу къыщІокІуэ, - къыпещэ Іимам-хьэщІэм. - «Уи анэ-адэр къыщыщхьэрэ, сэ гуэгъу. Іыхьэгъу къыхуэгъэбгъуэнщ, - «ширк» блэжьжьну урахуПІэмэ...», - ар Алыхь псалъэу КъурІэным иту араащ. Сыт апхуэдэм деж пщІынр? - «Абыхэм жыІэщІэ уахуэмыхъу», - жи. Иджы мыбдежьм хьэлэмэту хэпъыр сыт? Псалъэм папщІэ: «Алыхьталэм ухуэпщыпІыну, абы нэмэз хуэпщІыну ухуейуэ, уи адэ-анэр зэран къыпхуэхъуМэ, «нэмэз уэдгъэщІынукъым» жаІэу къыпщыхьэмэ, жьІэщІэ уахуэмыхъу», - жиІэрэкъым абы. ЖиІэр сыт? Алыхьыр уи фІэщ хъуным, фІэщхъуныгъэ кІэабзэм тегухуэу къонькъуэкъуэхращ зи гугъу ищІыр.

Мыбдежьм занщІэу уигу къэкІыр сыт? НэгъуэщІ зыри щымыІэу пІэрэт адэ-анэм жьІэщІэ уахуэхъу щІэмыхъун щхьэусыгъуэ? Мы Іиман закъуэм фІэкІа щхьэ нэгъуэщІ зыми и щІэр кьиримыуарэ Алыхьталэм? Уи Іиманым зэран къыхуэхъуну щытмэ, Алыхьу лъагэрэ лъапІэм гуэгъу гуагъэдзэну, Іыхьэгъу хуагъэзэуВыну щытмэ, жьІэщІэ уахуэмыхъу къудейщ жиІэр. Нэмэз уамыгъэщІми жьІэщІэ уахуэмыхъу, жьакІэ щыгъэщІ зи ГъусэмыхъуМ, Іэпъэщ зэтрыуамыгъэ жьІэщІэ уахуэмыхъу, жьакІэ щыгъэщІ зи ГъусэмыхъуМ, Іэпъэщ зэтрыуамыгъэкІми жьІэщІэ уахуэмыхъу жиІэу, нэгъуэщІ зыри щІыжи-мыІэр сыту пІэрэ?

Щыжимыізр, тобэ ярэби, Іиманыр адэ-анэм я псэм зэхимыщІхэхэуи зепхъэфынущи аращ. «Ей, сэ си гум Іиман илъщ, фыІмэ, имыгъэзэ», - жыпІэу, абыхэм уащІыщІихьэн щыІэкъым. Мис абы къыхэкІкІэ абыхэм уемыдауэ, уемызэуэ, абыхэм жаІэм уетемыхьэу, уи Іиманыр уи гум игъэлъыж, жьІэуиІэщ, Іиманыншагъэм нэгъунэ урахуПІэми, дунейм утетыху тІэкІу уи адэ-анэм «фЬыкІэ ядекІуэкІ, фЬыкІэ ядэГъэуГурыкІуэ, мэхьрУфкІэ ядэГъэуГурыкІуэ» жеІэ. НэгъэщІу жьІпІэмэ, зи чэзуКІэ, игъэхкІэ, хъупхъэкІэ яБГъэдэт. Адрей дунейм и Іуэхур АлыхьталэМ ешыр зэхиГъэкІагъэххэщ. Ауэ мы дунейм Іиманышагъэ дыдэм урашалІэрэ пэт, абы теухуауэ къодауэ, кьозауэ, къонькъуэкъуэрэ пэт, уи адэ-анэм уемыдэзуэ, уемызэуэж, дахэкІэ ядекІуэкІ, дахэкІэ ядэГъэуГурыкІуэ ящІэрыкъуГъэ.

Псэмыгупсысыф, узытемпсэлъыхьыф, Іэмали бГъэдыхьэпІи зыхуумыГуэту мэжджьытым къэпхъэса гукъэхуэхэм уаззрыпэлъэщІну Іэмалхэр зэрищІэм зыгъэ закъуи къытумыхьэн хуэдэут Іиманм-хьэщІэр зэрыпсальэр. ЖиІэм щыщу зы псалъэ зэхьумыхьми, и теплъэр, и макъыр, и щыфэпІыфрэ гуакІуэр и жьэм къыжьэдэкІым апхуэдизкІэ и щыхьэтти, ар щыпсэу зэманым, щІыналъэм, Іьэпкъым, Іумэщым уэзрыщыщыр нэрымыльагъу дамэу къыптпригакІэрт. Ари уэ узытет дуней дыдэм зэрытетыр, и хьэлъэ мыбдежьм. Ауэ ар ЩІалэ и щхьэ дыдэм къызэрыбдыхэтэр и гъащІэ и ужькІэ, гуаУэ зи цІэ зэхуымыщІэжьнэ хуэдизу гуми псэми нэсырт лІы мыцІыхуум къипсэлъри къищыми. Арагъэ цІыху дахэ жьхуаІэр, - и жьэр Іурыхуат Щыхьым. Хьэсэн хъащІэр къызэрыщІыхьэр къищІэн папщІэ, зыщипІыхькІэ зыкъищІэжу. Мес, ари итхьэкъуэщ уафэм кьеуэхэ псэгъэхъуэжьм. ФІыщІэ хуэпщІыну, пІэтыну, уеубзэну зи хуит уищІынхъуэм ильэ, уолъагъу. Мащэ Іуфэм укъызэрыбГъэдиишыр ешэм зэрифІыгъэр пфІыщІхьумэжьну хэтым ещхьу, уи щхьэкУцІыр зыуГъэн упщІэ гуГъуэхэм ауэ блэкІрэ пэт, зэрымыщІэкІэ, игу къыщІыхэщтыкІын узэрыІумыщІэнур зэхыуигъэщІэрти, и щІыбагъир къызэрыГъэзам хуэдэу, уи щхьэ ухуимыІэхьу дахьэ зэрыхуэпщІымкІэ уитхьэкупрэ?

- Апхуэдэу къыщІэкІынщ бегъымбарыр зэрыщыытар» - игу кьолъадэ Щыхьым нэмэзым здытеувэм. Іимамым и «Аллахьу акбар»-р къызэрыІуу, и акъылыр, езым нэхърэ нэхъ лъэщ гуэрым зыщІмэм ещхьу, гупсысэ гуэрым ябгынащ. Сымис, мыр сэращ жезыГъэІэ гурыщІэмрэ хьэщІэм кьипсэлъ къурІэныбзэм зрипх къаргу лъэщыр зэрынаГъэмрэ фІэкІа зыхимыщІэу, нигъэсащ Щыхьым и жумхьэ нэмэзыр жэмыхьэтым хэту. «Нобэ хуэдэу сызэрымуслъымэнми сызэрадэгъэми сыщІыщІигубГэкІэ къыхсуихуакъым», - жриІэнщ абы Хьэсэн мэжджьытым зэрыщІэкІыжу.

- Уэ уакъезГъэщІыхьи папщІэщ дунейр къыщІэззГъэщІар», - къыжриІауэ жаІэ Алыхьышхуэм Бегъымбар лъапІэм. Адыгэхэр дыкъыщигъэщІар къыщІыхьэ щхьэжьыкІэ ящІэрт? - къыщІидзэжауэ зэпеплъыхь Щыхьым Іиманм-хьэщІэр. Мыпсэлъэххэуи зыхуигъэхьыфынущ абы зыхуейр. УІуплъэмэ, зэфІэкІащ. И щІыбагъэр къызэрыГъэзаущ, и гуфІакІэм удэсым ещхьу, уигури уи псэри егъэхуабэ. Сыту жьГъеІуэ къыщІыхьэрэ ищІы Щыхьым лъэхъэщІым зэрисари, щІисари, а пщыхьэщхьем емыфамэ, Хьэрун тхьэмыщкІэр ІэщІэмыкІэнкІэ хъуну зэрыщІтари, Іэмали Іэззгъуи зыхуимыгъэт ДахэзиІэ илъэс нЬкъу хуауэ Мэскуу зэрыщІыпІэри, Марат папщІэм къыхадзьжауэ Іиманым зэрыдэсри. «Ялыхь, афІэкІа сумыбгынэ, сыщІегъуэжащ! Сыщыгытэкъым апхуэдэу, уэ узэрызиІэр сщІамэ! Сыт хэмытКІухьынур уэ уи лъагъунымгъэм? Къыхсуэгъэгъуэ, зызоумысыж! ЗэхъыщІэгъакъуэ! КъыздэІэпыкъу! ЗэгъэщІэгъэнуэ! Іэмал ящІэгъу захуэм сытымыщІу, уи арэзынымгъэм сешалІэ!» - эмІущащэ Щыхьым и ІиТІыр къиІэтауэ. И нэпсхэр кьеутІыпщри, и псэри мэтыншьк. Сытри хуэзфІэкІынщ Щыхьым дяпэкІэ. Зэхэзэрыхьа псори зэхихьынщ. И къаруцыхьынкъым, гъжьэнщ. Іиманэзили сэкъІуэжьну гурыІуэнщ, Марати лэжьапІэрэ хъыджэбзыфІрэ къыхуигъэтынщ. Упсэуну шынагъуэжкъым. Узытетыпхъэм тети, псори езыр-езыру зэхуэхъунущ. Акъылыр здынэмысыр гум къыщІынщ, ныбжьэгъуэм къыбГъэжибгъуэ, уафэм кьеуэхынущ. Алыхьыр щыІэщ! Алыхьыр закъуэщ! Бегъымбарыр зыхъкІщ!

Нэмэзыр зыуха Щыхьым Хьэсэн нэкІэ кьеГъыхуэ. Сыту пІэрэ абы жиІэнур нобэрей хьэщІэм теухуауэ? Мисри, лъэбакъуэ зыбжанэкІэ нэхъ тэмакъыщІэ, уафэм кьежьэнущ. Алыхьыр щыІэщ! Алыхьыр закъуэщ! Бегъымбарыр зыхъкІщ!

- Мусльымэн динращ дэ дызыГъэуэнэхъуар жьзыІэхэр нэбГъэщІэ Іуэгъэпльарэт мы щІалэм, - Хьэсэн къэдрэ думыльагъу нэжэгужагъыр къыщхьэщІыкІ къыбГъэдохъэ Щыхьым. - Зэрыльэпкъыу къурмэн щІалщІар абы и закъуэми, хуэфащІщ, тобэ ярэби. Тырку адыгэжьм ящыщщ, жаІэ. КІуэр-къэкІуэжьми къэІэпхъуэжьпами къызэгурыІуакъым. Щыхьым, дауи щы, мы щІалэр едмыГъэблагъэу хъунукъым.

- Емызэгъым дезэгьмэ... - гушыІэну хуожьэ ар зигу и къэмыкІыжьа Щыхьым, ныбжьэгъуи и гупыжьр диныгъэн хьэзыру.

- Емызэгъищэм сеубзэфынущ ар си унэ щІэсщэн папщІэ.

- Хэт-тІэ зэран хъур?

- Зыри! НакІуэ, и Іэр дыгъэубыд, сэламым дыкъыгитъуэзэнщ.

ЗэныбжьэгъуитІым я къуажэ Іимамымрэ абы къишэ щІалэ хьэщІэмрэ ябгъэдыхьэн я мураду, ипэкІэ кІуэтэн щІадзащ. Цыхур Іувти, кІуэцІрыкІыгъуейт. Сэлам зэрахьпхъэ Іыхьлы-благъэхэм, гъунэгъу-жэрэгъуэхэм яблэмыкІыфурэ. Хьэсэнрэ Щыхьымрэ, мис, иджы дыбГъэдохьэ Іиманм-хьэщІэм щыжаІэм, зыщІыпІэ зэрыпІащІэр ІупщІу, щІалэ зыбжанэ къыбГъэдыхьэри, зэрыгугу щІэкІыпІэмкІэ ежьаХэщ. Хьэсэн зэубзэну зыІыхуигъэхьэзыра Емызэгъхэ я къэри абыхэм ядэщІыпІэу щІэнэ.

Сыт ящІэнт зэгъунэгъуитІым? НэгъэщІ зы махуэ зыІырыдГъэхьэнщ жаІэри, зэхахар яхуэмыхуэу, зэрыгъэгушхуэжхэрэ хьэблэмкІэ ящІэнтІ-жащ.

КЪАРЭЖЬ Людмилэ:

Утыкум куэдрэ уиджэразэкIэ пщIэ уиIэнукъым

● Дифl догъэлъапIэ

КЪБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, къэфакIуэ Iэзэ Къарэжь Людмилэ и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 75-рэ ирокъу.

ПСЭМ фIэфI Iуэхум щIыхр дэщIэращIэр пэжу къыщIэкIынуд. Илъэс 22-кIэ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым хэта бзыльхугъэм и теплъэгуакIуэм зэманым хуещIа щIагъуэ щIымыIэу къыпщохуэ. Людмилэ пасэ дыдэу, и ныбжьыр илъэс 15-м иту, къафэм хьхьащ. Нарткъалэ дэт курыт дежкIэм щIэс хьыджэбз цIыкIур къафэмкIэ гупжьеим хэту балетмейстер Дашу Хьэшыр гу льитэри, «Кабардинка»-м иригъэблагъэт. Адэ-анэ хуэдизу, Людмилэ ейхэми я хьыджэбзыр апхуэдэ утыку ирагъэкьонкIэ яфIэмыкIыщэу щытами, езыр къафэм и дунейм занщIэу итхьэкуат. Шэч хэмылъу, льэпощхьэпо куэдым ебэкъуэн хуей хъуащ, иджы езым зэрыжкIэжымкIэ, ахэращ ар къарууфIэ зыщIар.

- 1960 гъэм сэ «Кабардинка»-м сыхьыхащ. А зэманым зи щIалэгъуэ защIэу зы гупышхуэ дыкъащтат. Пэжщ, абыхэм сахьихьэныр си дежкIэ фIыгъэшхуэт, ар къыщIэзэхулIэм къарууэ сиIэр а IэнатIэм есхьэлащ, - дыхешэ и гукъэкIыжхэм Къарэжь Людмилэ. - Зы махуэм нэхърэ адрейм си лэжьыгъэм нэхъ сыдыхьэхыр, абы и щэху псори зэуэ къэсщIэну сыхуейт. ГуащIэм хуэдэу цIыхур езыгъэфIакIуэ щыIэу къыщIэкIынкъым, махуэ къэс уэзгъэжьыжмэщ уи псэм и хьэуэспалIэр щызэбгъэхьупIафынур. Арыншамэ, уи нэм нэщыпхъуэ Iулъым ярейуэ, упсэунырщ къыпхуэнэжыр. Япэ дыдэу дыздэкIуэр Африкэ Ищхъэрэрат. Зэи сигу ихужьнкъым абы щIытъгъуэ дахагъэмрэ бечрыгъымрэ. Ди дежкIэ апхуэдиз щыгъын хуиту ящэу зэи щIыпIапгъунтэкъым. Алжир - Тунис - Марокко - Ливие Гуэргуанэм дрикIуат абы щыгъуэ. Дэ зыкъызэрыдгъэлъагъуэм къищынэмыщIауэ, дызрагъэблагъэ зэралхэм я щэнхабзэми дыщагъэгъуазэрт. «Ислъэмей», «Аджар», «Псэльхьу», «Гандаган», «Сувенир» (таджик къафэщ), нэгъуэщI куэд згъэзэщIащ, ауэ псом нэхърэ нэхъ сфIэфIу, зыщызмыгъэнщIу «Акушин» къафэр сиIащ. Къафэ къэс езым и щIагъыбзэ иIэжщ. Утыкур къызэздфахэм я зэпсэльапIэщ. Къапщтэмэ, «Къафэм» и бзэр зыми ещхькъым, япэ хъсакъым хуэгъэзащIэркъым ар. Хьэл-щэн дахэр, гъэсэныгъэр, хабзэр и лъабжьэу къызэольытэ абы.

И щыбагъ къыдэтахэм я гугъу щиущкIэ, Людмилэ псом ящэ и адэ-анэм фIыщIэ яхуещI. Пэжщ, и адэм куэдрэ игу ирихьакъым и пхъум утыкуэм зыкъызэрыщIэкъуэгъэнкъым. Алжир - Тунис - Марокко - Ливие Гуэргуанэм дрикIуат абы щыгъуэ. Дэ зыкъызэрыдгъэлъагъуэм къищынэмыщIауэ, дызрагъэблагъэ зэралхэм я щэнхабзэми дыщагъэгъуазэрт. «Ислъэмей», «Аджар», «Псэльхьу», «Гандаган», «Сувенир» (таджик къафэщ), нэгъуэщI куэд згъэзэщIащ, ауэ псом нэхърэ нэхъ сфIэфIу, зыщызмыгъэнщIу «Акушин» къафэр сиIащ. Къафэ къэс езым и щIагъыбзэ иIэжщ. Утыкур къызэздфахэм я зэпсэльапIэщ. Къапщтэмэ, «Къафэм» и бзэр зыми ещхькъым, япэ хъсакъым хуэгъэзащIэркъым ар. Хьэл-щэн дахэр, гъэсэныгъэр, хабзэр и лъабжьэу къызэольытэ абы.

И щыбагъ къыдэтахэм я гугъу щиущкIэ, Людмилэ псом ящэ и адэ-анэм фIыщIэ яхуещI. Пэжщ, и адэм куэдрэ игу ирихьакъым и пхъум утыкуэм зыкъызэрыщIэкъуэгъэнкъым.

- 1968 гъэм дыгъэгъазэм и 27-мЕфэнды Джылахъэтэн (абы щыгъуэ щэнхабзэмкIэ министру лажьэр арат) ди унэ къэпсалъэри, япэщIыкIэ си адэ-анэми, итIанэ сэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ сызэрыхьуамкIэ къыдэхъуэуэ щытащ. Абы иужьщ си адэм си лэжьыгъэм пщIэ хуищIын щыщIдзар, - игу къегъэкIыж Людмилэ.

Къарэжьмэ и псалъэхэм гурыIуэгъуэ пщащI абы и дежкIэ къафэр и гъащIэм и IыхьэкIуэдейуэ зэрыщымытар, атIэ ар и псэм щыщ гуэру, и гъащIэм къыгуэхыпIэ зимыIэу, и щIэгъэкъуэн нэхъыщхьэхэм языкъэзэ къызэрекIуэкIыр.

- Абы сыщыхэта ильэсхэм нэхъ дахэрэ нэхъыфIрэ сиIакъым, жьэIэ тIэкIурэ хэгупсысыхьэуэ щыса иужь Къарэжьмэм.

КъэфакIуэ гупым я лъэгу щыщIамыгъэплъа къэрал щIагъуэ щыIэкъым. А псоми къахигъэщу Людмилэ игу Къэрэй-Черкес Авторалиер. Щыналъэм и хьэуам, щIыуэпсым, бысым гумащIэхэм я гулъытэмрэ гупым къыхуащI пщIэмрэ нобэр къызэдэсым игу имыхужми, Къарэжьмэм къыхэгъэщ зы къэрали ди щIыналъэм къызэрыпльэщIэмыхьэнур, абы бгъэдэувэфын зэрыщымыIэр. «Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ си хэкужь сыщыIлIэ» псалъэжьымкIэ и гупсысэхэр щIегъэбыдж ди псэлъэгъуэм.

«Кабардинка»-м хэтхэм зыщагъасэм ябгъуфымытам, гъэзгум гугъу щыщIехьи ящIымыгъуам, хьэмэрэ гъущI ашыкым дэпъа фащэ дияхэр щымахуэ шэрэм щIагъгъэрэ Iэпкъльпкъкъэ зэрагъэхуабэр зымыльэгъуам, мазэ бжыгъэкIэ къэта анэм игу къэкIа и быным къыхуэпIащIэу къыщыкIуэжыну зэманыр къыщIблагъэм, аргуэру пIалъэ къыхупащэу, и лъэр зэрыщIагъэхуар ядэзымыгъэвам а Iэнатlэр къызэрыгуэкIыну къыщыдэхъунуц.

- Сыхьэтипщым репетицие дыкIуэрт, сыхьэт пщыкIуплI хъуху зыдгъасэрт, сыхьэтищкIэ зыдагъэгъэпсэхуэрти, концерт ттыну дашэрт. Ди республикэр и бгъуагъкIи и кIыхьагъкIи къызэхэткIухьащ, - жьэIэ Людмилэ.

ЦIыхур къигъэщIам арэзы техьэуэмэ, гъащIэр хъеуэлIауэ къэпльытэ хъунуц. Пэжщ, зыри щыIэу къыщIэкIынкъым и мурад, и гур зыщIэхъуэпс псоми къанэ щымыIэу лъэIэсауэ, ауэ цIыху Iущ гуэрым зэрыжиIащи, иIэмкIэ ирикъурщ насыпыфIэр. Людмилэ апхуэдэхэм ящыщщ.

- Си гъащIэ гъуэгум къытезгъэзэжыну Iэмал сиIатэмэ, а лъагъуэ дыдэм сыкърикIуэжынт. Гуэргуанэ дахэ, плъыфэбэ сиIащ. Гугъуехьэхэр? Хэт гугъу емыкIу псэур? Хэт нэхъыбэу, хэт нэхъ мащIэу. «Пщащэ зытехэурэ жьэ зытеджалэри мэгурым», - жьэIэ адыгэм. Нэхъыщхьэр а гугъуехьхэм задумыгъэшынырщ, - къыпещэ и псалъэмакъым Людмилэ.

Пенсэм тIысыжами, фIыуэ илъэгъуэ Iуэхур къигъэнакъым Къарэжьмэ. «Кавказ пшэплъхэр» ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупыр Тхьэмэкъуэ Мартин дэщIыгъуэ къызэрыкIэ игъэсащ. Абыхэм я гъусэу Къарэжьыр Германие, Франджы къэралыгъуэхэм, Ростов областым зыкъыщагъэлъэгъуэну ирагъэблагъэнуэ щытащ икIи гупым я зэфIэкIым хуэфащэн пщIэ, гулыт-тэ къыхуамыщIу зэи къаГэкIуэжакъым.

Людмилэ щIалищ ипIащ, иригъэджащ, унагъуэу игъэтIысыжащ. Абыхэм я къафэр къыхэзыха къэхэкIакъым, ауэ бынхэм я быныжхэм гугъэфIхэр уэзыгъэщIэр яхэтщ.

Къарэжьмэ и псалъэхэм къыхэгъэщ къыдэкIуэтей щIэблэм лъэпкъ къафэм хуащI гуэгупкъэ пщIэмрэ нэхъыбэ зэрыхъуар, гъащIэм и лъапIэныгъэхэм я гупэ зэрыхуагъэзэжам зэрыщыгугъыкIыр. КъэфакIуэ куэдым хуэдэуи, ди псалъэгъум къыхегъэщ адыгэ къэфакIэм цIыхур зэрифаcэр, абы и хьэлыр зэрипсыхьыр, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ, щIалэмрэ хъыджэбзымрэ яку дэлъын хуей пщIэм зэрыхуиущийр.

Людмилэ и лэжьыгъэм, зэпстыгуп дахэм зэрахуэзэшам ибзыщIыркъым.

- Зы унагъуэм ещхьку дызэхэтащ, иджыри дызэрихьэлIамэ, зы анэ къыпхуэдэм хуэдэу дызыщIущ. Ауэ псоми я пIалъэ зэралэжьыр зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. Утыкум куэдрэ уиджэразэкIэ пщIэ уиIэнукъым. УкъызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ пльагъуэ абы ухуэщхьэпэну ухуейр пэжмэ, уи лъэужьым кърикIуэхэми гъуэгу зэрептыну, уаэзрыдэлэпкъымрэ ухущIэкъун хуейщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Щ1эныгъэл1ым и псалъэ

Псом ищхьэу дызыхуейр сыт?

Нэхъ ипэкIэ щыIа тхьилъхэм е зэрырагъаджэу щыта лэжьыгъэхэм я гугъу щыпщIым деж, ахэр мыхъуну щытауэ къащыфIэщIу щыIэщ. Ауэ аракъым Iуэхум и пэжыпIэр. Дэтхэнэ зыри зэрыщыгъуазэщи, гъащIэм, цIыхум и щыIэныгъэм, техникэм зауэжь зэпытщ. Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ абыхэм я пашэу мэбакъуэ. Нэхъапэм щыIа псом фIагъыу хэльар къыхэтхрэ нобэрей псэушIэм, егъэджакIэм, щIэныгъэм тхухэгъэзагъэмэ, ипэкIэ дыкIуэтэнщ, зыдужьынщ. «Удын зэхэдзэ нэхърэ акъыл зэхэдз» щыжаIар апхуэдэ зыгуэрщ.

ГъЭ КIУА лъандэрэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэряджьи тхьилъхэри иджырей егъэджакIэ кIупхъэм ити зэгъэпэщыныр пщэрылъ щащIауэ гупхэр мэлажьэ. Абыхэм яхэтщ щIэныгъэлIэхэр, илъэс куэд хъуауэ егъэджакIуэ IэщIагъэм пэрытхэр, иджыри зэи еджапIэ щымыIэжьауэ, ауэ къэухъ, еплъыкIэ гъэщIагъэкъуэ ябгъэщIауэ, ар ящыкIыну дизыхэныр. ЩIхьэусыгъуэр зыбжанэ мэхъу, ауэ нобэ зыми сытемыбанэу, къуаншэ сымылъыхъуэу егъэджакIэм худиIэн хуей зы щытыкIэм и гугъу сщIынут.

Бзэр къэзыгъэбзэу щыщIымытым деж зэрымыбзэм зэрыхуэкIуэр зыми и дежкIи щхьэкIэ. Адыгэбзэр дежкIэ, абы ди пIыгъэ, ди фIагъ хэлъхьам - къыщежьар ди дежкIым, ауэ бзэр ебэтэхамэ, ди хуэмыхуагъым дегупсысыжыпхъэщ.

Иджыри къэс щыIэ тхьилъхэми лэжьыгъэм я нэхъыбэр псалъэуэ зырызу зэхэт, зы купщIэ яIэу щыттэкъым. Абыи и щхьэусыгъуэр у-урыуэгъуэ - егъэджакIуэм я ныбжьым ехьэлIауэ тхыгъэ хьэзыр тхьилъхэм ибгъэувэныр гъэутыгъуейщ е щыIэхэхэкъым. АтIэ сыт хэкIыпIэр? ЕджакIуэм адыгэбзэр зэрыпсэуэр, зэрылажьэр, ар уэрамыбзэ къудейуэ зэрыщымытыр къыгурыIуэн щхьэкIэ, Iуэхугъуэ куэдхэм епха лэжьыгъэхэм ухуейщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Iэпкъльпкъхэ», «УэщI», «Уафэ», «Псы», «КIыгъэ», «Гъуэгум зыщыхъумэж», «Интернет», «Хабзэ», «Бзэ», «Унагъуэ псэушхэ», нэгъуэщI щыIэныгъэ куэдхэм ещхьэлIа лэжьыгъэхэр. Ахэр зы гупсысэ зыIу зиIэу еджакIуэм егъэльагъупхъэщ. ТхакIуэ гуэрым и тхыгъэм пычыгъуэ къыхэтхрэ лэжьыгъэ иращIэкIыну тхьилъым ибгъэувэныр зэрану щыткъым, ауэ, япэрауэ, пычыгъуэ къудейкIэ къэухъым зиужькъым. ЕтIуанэрауэ, а тхакIуэм Iурылъ бзэмрэ зыщIэхъуэпс псоми къанэ щымыIэу лъэIэсауэ, ауэ цIыху Iущ гуэрым зэрыжиIащи, иIэмкIэ ирикъурщ насыпыфIэр. Людмилэ апхуэдэхэм ящыщщ.

- Си гъащIэ гъуэгум къытезгъэзэжыну Iэмал сиIатэмэ, а лъагъуэ дыдэм сыкърикIуэжынт. Гуэргуанэ дахэ, плъыфэбэ сиIащ. Гугъуехьэхэр? Хэт гугъу емыкIу псэур? Хэт нэхъыбэу, хэт нэхъ мащIэу. «Пщащэ зытехэурэ жьэ зытеджалэри мэгурым», - жьэIэ адыгэм. Нэхъыщхьэр а гугъуехьхэм задумыгъэшынырщ, - къыпещэ и псалъэмакъым Людмилэ.

Пенсэм тIысыжами, фIыуэ илъэгъуэ Iуэхур къигъэнакъым Къарэжьмэ. «Кавказ пшэплъхэр» ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупыр Тхьэмэкъуэ Мартин дэщIыгъуэ къызэрыкIэ игъэсащ. Абыхэм я гъусэу Къарэжьыр Германие, Франджы къэралыгъуэхэм, Ростов областым зыкъыщагъэлъэгъуэну ирагъэблагъэнуэ щытащ икIи гупым я зэфIэкIым хуэфащэн пщIэ, гулыт-тэ къыхуамыщIу зэи къаГэкIуэжакъым.

Людмилэ щIалищ ипIащ, иригъэджащ, унагъуэу игъэтIысыжащ. Абыхэм я къафэр къыхэзыха къэхэкIакъым, ауэ бынхэм я быныжхэм гугъэфIхэр уэзыгъэщIэр яхэтщ.

Къарэжьмэ и псалъэхэм къыхэгъэщ къыдэкIуэтей щIэблэм лъэпкъ къафэм хуащI гуэгупкъэ пщIэмрэ нэхъыбэ зэрыхъуар, гъащIэм и лъапIэныгъэхэм я гупэ зэрыхуагъэзэжам зэрыщыгугъыкIыр. КъэфакIуэ куэдым хуэдэуи, ди псалъэгъум къыхегъэщ адыгэ къэфакIэм цIыхур зэрифаcэр, абы и хьэлыр зэрипсыхьыр, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ, щIалэмрэ хъыджэбзымрэ яку дэлъын хуей пщIэм зэрыхуиущийр.

Людмилэ и лэжьыгъэм, зэпстыгуп дахэм зэрахуэзэшам ибзыщIыркъым.

- Зы унагъуэм ещхьку дызэхэтащ, иджыри дызэрихьэлIамэ, зы анэ къыпхуэдэм хуэдэу дызыщIущ. Ауэ псоми я пIалъэ зэралэжьыр зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. Утыкум куэдрэ уиджэразэкIэ пщIэ уиIэнукъым. УкъызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ пльагъуэ абы ухуэщхьэпэну ухуейр пэжмэ, уи лъэужьым кърикIуэхэми гъуэгу зэрептыну, уаэзрыдэлэпкъымрэ ухущIэкъун хуейщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Футбол

Дагъыстэнми къыщикIуэтакъым

«Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Мэхъэчкъалэ. «Труд» стадион. Гъатхэпэм и 13-м. ЦIыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр: Самсонов (Балашихэ), Образко (Ставрополь), Туркин (Астрахань).

«Легион Динамо»: Магомедов А., Муслуев, Омаров, Алибеков, Дубхов, Урунян, Мальсагов, Саадуев (Абдуллаев, 75), Гамзатов, Магомедов Р. (Панаев, 81), Эльдарушев (Кадиев, 72).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Уэрэзей, Мэкъуауэ, Шумахуэ, КIэдыкIуей, Ольмезов, Хьэшыр (ХъутIэ, 73), Дзхъу, Пащты, Бахьсэнокъуэ (Жангуразов, 78), Гугуев (Бащэ, 82).

Дагъуэ къыхуащIащ Пащтым, Гамзатовым, Уэрэзеим.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щеIкIуэкI зэхьэзэхэуэм и мыгъэрей Iыхьэм и пэщIэдзэ зэIущIэм Мейкъуэпэ и «Дружба»-р щыхигъэщIагъэ я гукъыдэжыр ину «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр Дагъыстэным и къалащхьэм кIуащ. Щэбэтым абы къащыпэплъэрт зэпеуэм щыпашэхэм ящыщ зы «Легион Динамо»-р. Хъэгъэйкэр хущIэкъурт зэпеуэм бжьыпэр щыхьыIутхэм зыкъыкIэрамыгъэкуну икIи япэ дивизионым щIэбэныну. Ар къайхъулIэн папщIэ япэщIыкIэ Къабэрдей-Балъкъэрым икIаэр хагъэщIэн хуейт, иужькIэт адэкIэ щыныкъуэкъуэфынур. Армырамэ, адрейхэм зэпщIыкIыу къакIэрыхунут.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Легион Динамо»-мрэ я зэIущIэхэм топ куэд щыдгъэкI хабзэкъым. Апхуэдэ хъуащ щбэтым зэхэтари. Нэрылъагъут лъэныкъуэхэр зыр адрейм зэрыщышынэр икIи зыхъумэжыныгъэр абыхэм япэ зэрыригъэщIыр. ЗэпэщIэтыныгъэхэр гуащIэ пэтми, щIалэхэм пщIэ зэхуащIырт икIи ткIийуэ щызэхьэхуэмэ, фэбжь зэрамыдзынным еплаIэрт.

Командхэм бжьыгъэр къызэIуахыну Iэмал куэд яIакъым. Уеблэмэ къыщыпщыхъу щыIэт гъуэм зэреуэн хуейр абыхэм ящыгъупщэжу. Гукъинэжу къэнар IуэхугъуитI куэдейщ.

Япэм, джэгум и етIуанэ Iыхьэм щIадзэжа къудейуэ, ди гъуащхьэтет Антипов Антон налшыкдэсхэр кIигъэлащ. ЕтIуанэм, зэIущIэр щыух дыдэм, Кадиевыр щхьэкIэ къызэуа топыр гъуащхьэм техуэри, къызэужащ.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щыIэзэпаубыдащ Краснодар и командитIыжщ «Черноморец»-мрэ. Ахэрауэ къыщIэкIынущ япэ дивизионым хуэзышэ уеблIэ зэкъуэм щIэбэныну. Абы хэлъхьэныгъэфI хуащI гъуэнэгу щIыпIэхэм щыджэгу адыгэ щIалэхэмэ. Къапщтэмэ, джэгугъуэ етIуанэ хъуауэ къыхэжаныкI Гъурф Азэмэтщ бжьыгъэ къызэIуихыу краснодардэсхэр Псыхуабэ щыIэу ягъэгуэр тезыгъэкIуар. Апхуэдэ дыдэу Дышэкl Асльэн сэбэп хуэхъуащ «Кубань-Холдинг»-м. Абы дигъэкIа ещанэ топым «Кубань-Холдинг»-м очкоищ къриГъэхьащ икIи ар бжьыпэм къыщигъэнащ. ДышэкIыр иужькIэ ихьуэжащ Тулэ и «Арсенал»-м къыхэкIыжа Бырхъэм Къантемыр.

«Краснодар-3»-м ефIэкIа «Черноморец»-м и гъуэм топ кьыдригъэзэкIакъым абы и гъуащхьэтет Щоджэн Азэмэт. Абы щыгъуэми Машэжь Ратмир къызэрыхэжаныкIаращ си фIыгъэр Новороссийск икIахэр зэрытекIуар. АдэкIи тфIэхьэлэмэту дыкIэлъыплъынщ зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщахьын папщIэ адыгэ щIалэхэр зыхэт гупхэм я зэныкъуэкъуэныгъэм.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щеIкIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ иужьу зэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжьыгъэхэм: «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - **0:2**, «**Краснодар-3**» (Краснодар) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **0:2**, «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **3:2**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Кубань**» (Краснодар) - **1:2**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:1**, «**Форте**» (Таганрог) - «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:0**.

«ТIуапсы» (ТIуапсы) - «Интер» (Черкесск) зэIущIэр щыщыIэнур пщэдейщ.

КъыкIэтыкIуэ джэгугъуэр гъатхэпэм и 20-м зэхэтынущ. А махуэм «Краснодар-Налшыкым» кIуригъэблэгъэнущ «Краснодар-3» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Кубань-Холдинг»**	**17**	**13**	**2**	**2**	**37-13**	**41**
2.	«Кубань»	17	13	1	3	45-16	40
3.	«Черноморец»	17	12	2	3	26-9	38
4.	«Легион Динамо»	17	9	7	1	34-10	34
5.	СКА	17	10	1	6	39-18	31
6.	«Анжи»	17	8	6	3	27-17	**30**
7.	**«Спартак-Налшык»**	**17**	**7**	**6**	**4**	**26-18**	**27**
8.	«Динамо-Ставрополь»	16	7	2	7	24-21	23
9.	«Форте»	17	5	6	6	24-17	21
10.	«Мэхъэчкъалэ»	17	5	5	7	19-25	20
11.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	16	5	4	7	21-26	19
12.	«Краснодар-3»	17	5	2	10	23-36	17
13.	«Биолог-Новокубанск»	17	4	3	10	27-37	15
14.	«Дружба»	17	4	3	10	17-39	15
15.	«Интер»	16	3	3	10	14-43	12
16.	«ЕсэнтIыгу»	16	3	2	11	18-41	11
17.	**«ТIуапсы»**	**16**	**1**	**1**	**14**	**19-54**	**4**

Къуэдз Къантемыр псоми йофIэкI

● Дзюдо

Каспийск къалэм мы махуэхэм щыIэхэтащ дзюдомкIэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и зэхьэзэхуэ. Абы къырихьэлIащ зи ныбжьыр илъэс 23-м фIэмыкIа спортсмен 300-м нэблагъэ. Урысейпсо зэпеуэм щIэлъэхуэ къыщыхах зэпеуэм ди щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ медаль зэмылIужьыгъуиплI къыщахьащ.

ЗИ ХЬЭПАГЪАР килограмм 66-м нэблагъэ Къуэдз Къантемыр зэIущIэх иригъэкIуэкIам и хьэрхуэрэгъуэхэм щытекIуэри, дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ. Мырзэбгъ Ильяс (кг 81-рэ) финал зэпэщIэтыныгъэм къыщыхигъэщIащ зэгъэрейхэм ящыщ Сулеймановым Ибрэхьим-хьэжы икIи етIуанэ хъуащ. Иджыри зы дыжьын медаль къыхьащ килограмм 78-м нэблагъэхэм я гупым щыбзна Каблуовэ Миланэ. Домбейкъ медалыр къыIысащ Шормэн Елеонорэ (кг 48-рэ). Зэхьэзэхуэм щытекIуэхэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ я ягъасэ Иванов Дмитрий, Апхуэдэ Анзор, Джэдагэ Залым, Бэрэздж Светланэ сымэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Щыри токIуэ

● Зэзауэ зэхэт

Мы махуэхэм Сочэ къалэм щекIуэкIащ АСА 117 зэзауэ зэхэтхэмкIэ зи чэзу зэхьэзэхуэ. Пшыхьым и зэIущIэ нэхъыщхьэу щытащ ди лъэпкъэгъу Багъ Алийрэ бразил спортсмен щIэныгъэ Сильверио Элиасрэ я зэпэщIэтыныгъэр.

ЯпэIэ Iыхьэм и пэщIадзэм щригъажьэри, Багъым тепщэныгъэр иубыдащ икIи пIаIэнэпэм диубыда и хьэрхуэрэгъум удын хьэпсэхэр зэкIэлъхьужьу тридзэу щIидзащ. Сильверио зыхъумэжыныгъэм и къару псори хухиха мыхъумэ, ебгъэрыIуэну Iэмал къыкуэкIуэкIакъым икIи япэ Iыхьэр, къанэ щымыIэу, ди лъэпкъэгъум ихьащ. Загъэпсэкуу кьиихьэжа иужькIэ, бразил щIалэм щытыкIэр зэпIоззрыт ищIыжащ икIи балл бжьыгъэхэр зэхуэдэ хъужащ.

Псори щIэзэхкIа ещанэ Iыхьэм спортсменитIми хьарзынэу зыкъыщагъэзэгъуащ, арцIэхкIэ наIуэу зыр адрейм ефIэкIыфакъым. Судьяхэм плIэнйэрэ 29:28 бжьыгъэхэр ягъэуващ икIи зымащIэкIэ Багъым и тепщэныгъэ хьэбэ хуэдизу къалъытащ.

Иджырей зэхьэзэхуэр Багъ Алий и дежкIэ етIуанэ Iанэу щытащ. Абыхэм ящыщу 12-м зэIущIэм хуахаха пIаIэр имыуэху и хьэрхуэрэгъум щефIэкIащ.

КъищынэмыщIауэ, АСА 117 зэхьэзэхуэм текIуэныгъэхэр къащыхьащ ди лъэпкъэгъуэу Iэрыпщ Замиррэ КIыщ Рэмэзанрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку», «Шапсугий» газетхэм я лэжьакIуэхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къабэрдей, Адыгей, Шэрджэс, Ставрополь, Мэздэгу Адыгэ Хасэхэм хэтхэр «Вести КЧР» газетым и редактор нэхъыщIхьэ **Нартокъуэ Султlан Хьэмзэт и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш нэхъыщIэ **Нартокъуэ Мурат Хьэмзэт и къуэр** дунейм зэрехьыжамкIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашдокъуэ Элпэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къаржэй Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствомрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48, 42-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмрэ Iуэхугъапlэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; суратехэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхугъапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ, 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

(12+)

Редактор зэрыщIэтыр: ЖьэкIэмыхъу Маринэ.

Редакцэм и гъэсапIэ: Налшык къалэ, Ленин уэрам, 2.

Тиражыр: 1935 къэдэкIа.

КъыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Соня**, редактору **Жыласэ Заурбэч**, корректорхэу **Инэрокъуэ Азэмэт** (1, 3-нэ нап.), **Нэужьокъуэ Заирэ** (2, 4-нэ нап.). Компьютерклэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ**, суратехэм елэжьар **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьезыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.935 ● Заказ №543